




## PWOJÈ KORE FANMI

KREYÒL  
AYISYEN-AYITI

# Nitrisyon

## LIV PATISIPAN

Yon modil nan program fòmasyon pou  
Ajan Kore Fanmi





## **COPYRIGHT POLICY**

Published by Partners in Health. Subject to the rights of Partners in Health, this publication may be freely reviewed, abstracted, reproduced, or translated provided that all copyright, trademark, and other proprietary notices are included in such use. No portion of this publication may be sold or otherwise used or distributed in conjunction with any commercial purpose. ♦

Mànyèl sa gen youn nan modil fòmasyon ki pou sèvi nan pwojè pilot Initiative Agent Communautaire Polyvalent (IACP) ann Ayiti. IACP se yon travay tèt ansanm ant gouvènman Ayisyen an, Bank mondyal, UNICEF, Pwogram alimantè mondyal, Partners In Health/Zanmi Lasante, ak World Vision. Objektif pwogram sa a se fè sa vin pi fasil pou fanmi ayisyen, sitou sa ki pi frajil yo, jwenn premye swen ak sèvis ki pi ijan yo.

Fòmasyon an ap bay Ajan kore fanmi (AKF) yo posiblite pou yo byen prepare entèvansyon yo epi pou byen fè travay pou yo: 1) bay fanmi yo fòmasyon sou nitrisyon ak lasante; 2) bay fanmi yo materyèl ak sèvis ki pi nesesè yo dirèk dirèk; epi 3) ranfòse sistèm referans lan pou fanmi yo jwenn sèvis lasante yo ak sèvis sosyal yo pi fasil.

Se patnè pwojè a ki devlope materiel sa a nan tèt ansanm. Se Bank mondyal, UNICEF ak Pwogram alimantè mondyal ki finanse pwojè IACP a.

Nan fòmasyon sa a gen enfòmasyon ki soti nan: Facts pou Life, 4th ed., UNICEF, OMS, UNESCO, FNUAP, PNUD, ONUSIDA, PAM ak Bank mondyal (New York, NY: United Nations Children's Fund), 2010; Haiti Infant and Young Timoun Feeding Counseling Cards, IYCN (Washington, DC: Infant & Young Timoun Nitrisyon Project PATH), 2010; Les Bonnes Habitudes en Nutrition et Hygiène, FANTA 2/USAID (Washington, DC: Food and Nutrition Technical Assistance 2); Micronutrient Sprinkles for use in Infants and Young Children: Guidelines on Recommendations for Use and Program Monitoring and Evaluation, SGHI (Toronto: Sprinkles Global Health Initiative), 2008; Breastfeeding Promotion and Support in a Baby-Friendly Hospital: 20 hour Course, UNICEF/OMS (New York/Geneva: UNICEF/OMS), 2006; Module on Infant and Young Child Feeding Practices: Trainer's Guide, IFPRI/World Vision (IFPRI: Washington, DC.), 2003; Nutrition in Emergencies, Section 2, Lesson 2.3: Types of Undernutrition: Growth Failure, UNICEF (New York, NY: United Nations Children's Fund), 2011; Anthropometric Indicators Measurement Guide Section 5: Taking Measurements, Bruce Cogill (Washington, DC: Food and Nutrition Technical Assistance Project and Academy for Educational Development), 2003; Training Course on Child Growth and Assessment Module B: Measuring a Child's Growth, OMS (Geneva: World Health Organization), 2008; Behavior Change Communication for Improved Infant Feeding: Training of Trainers for

Negotiating Sustainable Behavior Change, LINKAGES Project (Washington, DC: Academy for Educational Development), 2004.

© Text: Partners In Health, 2013.

Foto: Zanmi Lasante

Konsiltan: Bonnie Kittle

Mizanpaj: Mechanica, Annie Smidt, Ayanna Ashley Doiron ak Zanmi Lasante

Enprimri: ACME Books, Inc.

Vèsyon kreyol tès pilòt la te pibliye an oktòb 2013

Nou dedye mènyèl sa a pou tout travayè lasante ki fè misyon nou an rive fèt akòz gwo travay yo. Se yo ki potomitan pwogram pou sove lavi epi pou pote yon alemye nan kominote pòv yo. Chak jou, yo al vizite moun nan kominote sa yo pou yo ofri yo sèvis, fòmasyon ak sipò epi yo fè nou konprann: solidarite pratik se pi gwo remèd kont maladi ki ka gaye toupatou, lamizè ak dezespwa.



# Sa ki nan Liv la

Kontèks .....	1
Objektif yo .....	3
Pati enpòtan yo .....	5
Bon jan nitrisyon .....	7
Malnitrisyon ak sa ki lakòz malnitrisyon.....	10
Mank Mikwonitriman .....	12
Nitrisyon pou fi ansent ak fi k ap bay piti.....	23
Bay tete.....	24
Lòt manje anplis pou timoun 6–24 mwa .....	28
Divès fòm malnitrisyon .....	41
Peze timoun epi tablo pou kontwòl devlopman timoun.....	52
Mezire longè timoun ak wotè yo .....	56
Mezi kontou bra .....	59
Anflamasyon.....	64
Seyans peze timoun chak mwa .....	66

Nourimanba ak Nourimil .....	68
Fòme fanmi yo sou malnitrisyon ak nitrisyon .....	75
Lis nitrisyon .....	81
Istwa, pyès teyat, ak kesyon nan ti gwoup.....	86
Nòt .....	100
Fòm evalyasyon .....	101
Anèks .....	103



# Nitrisyon



## KONTÈKS

Pou moun rete an sante epi pou yo rete djanm, yo bezwen byen manje (bon nitrisyon). Pou byen manje, moun dwe manje kantitemanje ki kòrèk la nan bon kalite manje chak jou (manje byen balanse). Si moun pa manje kantitemanje ki kòrèk la ak bon kalite manje, tankou manje ki pwoteje kò, ki bati kò epi ki bay kò fòs ak enèji epi si yo pa gen kantite vitamin ak minewo ki kòrèk la, lè sa a yo mal manje. Malnitrisyon vle di mal manje oswa kò a pa jwenn manje ak nitriman ki kòrèk yo pou li fonksyone byen.

Lè moun malnouri, yo konn vin fèb, epi yo konn vin mèg. Mal manje febli rezistans kò a kont maladi. Mal manje grav ka lakòz lanmò.

Malnitrisyon gen plis danje toujou pou timoun ak fanm ansent. Si yon fanm malnouri pandan gwosès li, oubyen si timoun nan malnouri pandan premye ane nan lavi li, devlopman mantal timoun nan ak devlopman fizik li ap ralanti. Se pa yon bagay ki ka korije lè timoun nan vin pi gran. Sa ap nui li pou tout rès vi li. Pa egzanp timoun nan ka fè klas ki pi ba yo sèlman, sa ka fè li gen pwoblèm pou li jwenn yon bon travay epi pou li fòme yon fanmi kòm granmoun.

Kèk nan prensipal rezon pou malnitrisyon, sitou pou fanm ak timoun, se lamizè, manke manje, maladi, mal manje, oubyen move ijyèn ak tabou. Lè yon fanmi pa gen ase manje epi li nan sitiyasyon ki fè yo ka trape dyare ak lòt maladi fasil, timoun yo gen plis chans pou yo malnouri pase gramoun. Lè timoun tonbe malad, yo pèdi enèji ak nitriman rapid, sa vin mete lavi yo an danje pi rapid pase gramoun.<sup>1</sup>

Malnitrisyon se yon pwoblèm grav nan peyi nou, se yon pwoblèm sant sante ak lopital, Ministè Sante piblik, lòt sèvis nan gouvènman, ak ONG yo ap travay pou yo regle. Ajan Kore Fanmi yo gen yon wòl enpòtan nan travay sa a.

<sup>1</sup> UNICEF, WHO, UNESCO, UNFPA, UNDP, UNAIDS, WFP and the World Bank, *Facts for Life*, 4th ed. (New York, NY: United Nations Children's Fund, 2010), 61 (hereafter cited as *Facts for Life*).

## Nitrisyon

Ajan Kore Fanmi dwe ede fanmi yo konnen kijan pou yo byen manje epi pou yo ede fanmi ki malnouri yo jwenn èd ak tretman. Nan modil sa a, ou pral aprann idantifye timoun ki malnouri nan sèvi ak seyans pou peze timoun yo, pou mezire longè yo ak wotè yo, mezire kontou bra yo wè si anflamasyon yo kite mak lè ou peze yo, ak jwenn lòt ka nan travay yo. Ou pral aprann fè fòmasyon pou fanm ansent, manman, ak lòt moun ki pran swen timoun ansanm ak manm fanmi sou byen manje ak mal manje, kore fanm pou yo ka bay tibebe tete byen, epi voye timoun ak fanm ansent ki soufri malnitrisyon nan sant sante. Epitou ou pral aprann pran enfòmasyon sou devlopman ak byen manje kòrèkteman avèk kat chemen lasante ak lòt fòmilè ki la pou sa.

Ou se yon pati enpòtan nan metòd pou sante kominotè ki chita sou dwa moun epi ki konplè. Nan tcheke si gen malnitrisyon nan fanmi epi nan ede fanmi jwenn tretman, w ap ede fanmi yo pou yo jwenn bon swen lasante e sa se youn nan prensipal dwa moun.



## OBJEKTIF YO

### Lè modil sa a fini, w ap kapab:

- a. Esplike sa sa vle di pou ou gen bon nitrisyon ak manje ki byen balanse an jeneral.
- b. Idantifye 3 kalite manje epi esplike kouman chak kalite manje yo fe ko a rete an sante.
- c. Bay yon definisyon jeneral pou malnitrisyon.
- d. Idantifye kèk nan prensipal kòz malnitrisyon nan komunitate kote Ajan Kore Fanmi an travay.
- e. Idantifye siy ak sentòm ak danje pou lasante ki makònnon lè kò a mank fè, vitamin A, ak yòd, sitou pou timoun piti ak fanm ansent.
- f. Fè edikasyon sou enpotans fè, vitamin A, ak yòd epi bay fanmi yo mikwonitriman sa yo lè yo bezwen yo.
- g. Esplike ki sa mikwonitriman an poud ye, kilès ki ta dwe sèvi ak yo, epi kouman pou yo sèvi ak yo.
- h. Esplike ki kalite manje, ki kantite manje fanm ansent ak fanm ki ap bay tete ta dwe manje, epi pou ki sa.
- i. Esplike pou ki sa yon manman dwe bay tete avan 1 èdtan apre li fin akouche epi bay tibebe a tete sèlman pandan premye 6 mwa nan lavi li.
- j. Esplike kouman pou ede fanm aprann enpòtans bay tete jan pou yo bay tete kòrèkteman.
- k. Esplike kouman yo ta dwe bay timoun 6 a 9 mwa, 9 a 11 mwa, ak 12 a 24 mwa manje anplis tete y ap ba li, tankou divès kalite manje, nan ki kantite, avèk epesè manje yo.
- l. Demonstre kouman pou yo prepare yon manje ki gen nitriman pou yon timoun 6–24 mwa.
- m. Konnen siy ak sentòm divès kalite malnitrisyon timoun ka genyen .
- n. Esplike kisa yon Ajan Kore Fanmi ta dwe fè pou timoun ki fè malnitrisyon ki pokon gen 5 an.
- o. Demonstre kouman pou peze timoun ki pokon gen 2 zan chak mwa ak balans pou timoun epi balans timoun ki gen plis pase 2 zan.

- p. Demontre kouman pou note pwa ak laj yo chak mwa nan kat chemen lasante kouman pou entèprete rezulta yo.
- q. Esplike kouman pou bay manman ak moun k ap bay swen yo konsèy pou timoun ki pa gen ase pwa, tankou ki kesyon pou yo mande yo epi ki konsèy pou yo ba yo selon sitiyasyon timoun nan.
- r. Demontre kouman pou yo mezire timoun ki pokonan gen 5 an, ak kouman pou yo make wotè yo epi entèprete yo.
- s. Demontre kouman pou yo mezi kontou bra a timoun ki pokonan gen 5 an pou tcheke malnitrisyon.
- t. Demontre kouman pou yo tcheke ka malnitrisyon nan timoun ki pokonan gen 5 an ak tès kote ou peze anflamasyon pou ou wè si li kite mak.
- u. Esplike kouman pou yo òganize seyans peze pou timoun ki pokonan gen 5 an nan pòs rasableman nan.
- v. Esplike kouman pou yo sèvi ak Nourimanba ak Nourimil pou yo trete yon timoun ki malnouri epi esplike wòl Ajan Kore Fanmi an nan ede fanmi ki gen timoun ki malnouri jwenn Nourimanba oubyen Nourimil.
- w. Esplike kouman pou yo kominike epi pou yo negosye chanjman konpòtman avèk manman ak lòt manm fanmi pou ede yo regle pwoblèm epi adopte konpòtman nan kesyon nitrisyon.



## PATI ENPÒTAN YO

- Bon nitrisyon oubyen byen manje vle di kò a ap resevwa bon kalite manje an kantite ki nesesè (manje ki byen balanse). Kò a bezwen manje ki byen balanse pou li jwenn enèji, pou blese geri, pou li grandi epi pou l goumen ak enfeksyon.
- Gen 3 kalite manje. Manje ki bati kò se pwoteyin tankou lèt, ze, nwa, ak vyann. Manje ki bay fòs ak fòs se kaboyidrat ak manje ki gen amidon tankou pòmdetè, pat alimantè ak diri. Manje ki pwoteje kò se fwi ak legim, tankou berejèn, anana, ak mango. Kò nou bezwen tout kalite manje sa yo chak jou pou li rete an sante.
- Yon moun ki manje kont manje nan 3 kalite manje sa yo chak jou manje manje ki byen balanse epi ki gen nitriman.
- Moun ki manje manje ki gen nitriman, ki byen balanse pa malad fasil, yo gen plis enèji pou yo travay epi yo gen gwo zo ak gwo viann.
- Lèt manman se pi bon manje ak bwason pou tibebe. Lèt manman bay tibebe tout sa li bezwen pou li pwoteje yo pou yo pa pran enfeksyon. Tibebe ta dwe pran tete sèlman pandan 6 premye 6 mwa nan lavi yo, kou yo mande sa. Apre 6 mwa, tibebe ka manje manje kip a two likid, men yo ta dwe kontinye pran tete jouk yo gen 2 zan oubyen plis pase sa. Manman ki gen VIH ka bay tibebe yo tete san pwoblèm si yo kòmanse pran ARV depi li konen li ansent. Lè yon fanm ki gen VIH konen li ansent, li enpòtan anpil pou li ale nan sant sante oubyen lopital pou li pran ARV touswit.
- Sa ka gen danje pou nou bay tibebe dlo, lèt atifisyèl, oubyen ji. Si nou bay timoun dlo ki pa pwòp oubyen nou sèvi avè l pou nou fè lèt atifisyèl oubyen ji, sa ka lakòz dyare ki ka lakòz timoun nan pèdi tout dlo nan kò l byen vit epi sa lakòz pwoblèm sante ki grav oubyen menm lanmò.
- Bay tete se yon bagay ki natirèl men se yon ladrès tout fanm dwe aprann. Fanm bezwen èd ak sipò pou yo aprann bay tete kòrèkteman.



- Pou yon fanm jwenn èd ak sipò pou li aprann kouman pou li bay tete sèlman kòrèkteman, li ta dwe ale nan yon sant sante sou 3 jou apre li fin akouche epi si posib chak semèn pandan premye mwa yo.
- Pou tifi yo ka grandi byen, pou yo ka an sante, yo bezwen menm kantite manje epi menm kalite manje ak tigason yo. Yo pa dwe bay tifi mwens manje oubyen manje ki pa menm ak sa yo bay tigason yo.
- Lè tibebe yo gen 6 mwa yo dwe kòmanse manje lòt manje anplis lèt manman an. Yo dwe bay tibebe ak timoun piti manje mou ki soti nan tout 3 kalite manje yo an kantite ki kòrèk pou yo ka byen nourি.
- Malnitrisyon vle di kò a pa resevwa ase nan bon kalite manje, ak vitamin ak kantite ki kòrèk pou li fonksyone byen.
- Moun ki malnouri fèb, anpil fwa yo mègepi yo malad souvan.
- Malnitrisyon se danje sitou pou timoun ki pokò gen 5 an, pou fanm ansent, ak pou moun ki gen maladi grav.
- Timoun malnouri pa ka devlope byen ni nan lespri yo ni nan kò yo. Pwoblèm devlopman ka mennen pwoblèm k ap dire tout lavi yo tankou nivo edikasyon ba.
- Ka malnitrisyon grav ka lakòz lanmò.
- Sentòm malnitrisyon grav nan timoun: yo ka twò mèg, yo ka twò kout pou laj yo (rachitik), pye yo ak janm yo ka anfle (anflamasyon).
- Siy timoun ki rachitik (malnitrisyon ki pa janm trete) difisil pou nou detekte yo. Pou nou detekte yo, fòk nou toujou ap kontwole pwa ak wotè timoun nan.
- Yo ta dwe fòme fanmi ki gen timoun ki soufri malnitrisyon sou byen manje, ak bon liiyèn, kouman pou yo anpeche maladi a, epi toujou bay manje ki kòrèk pou timoun piti.
- Yo ta dwe voye timoun ki gen ka malnitrisyon ki grav nan sant sante tousuit. Timoun ki soufri ka malnitrisyon ki grav epi ki pokò gen 5 an ap resevwa èd manje.

## Bon jan nitrisyon

### Ki sa ki bon jan nitrisyon?

Bon jan nitrisyon se manje kont manje nan bon kalite manje yon jan pou kò nou gen nitriman li bezwen pou li byen fonksyone epi pou li rete an sante.

Bon jan nitrisyon pa annik vle di manje kont manje pou nou pa santi nou grangou. Sa vle di manje kont kalite manje, ak bon kalite konbinezon manje, ki ede kò a grandi, ki ede l travay e ki pwoteje li.

Si nou manje kont bon kalite manje ki fè nou jwenn bon jan kalite vitamin ak mineral, se sa yo rele yon « mòd manje ki byen balanse ».

An jeneral, ki kalite manje yon moun ta dwe manje pou li jwenn bon jan nitrisyon oubyen yon mòd manje ki byen balanse?

Nou ta dwe manje **manje ki pwoteje** nou, tankou fwi ak legim, manje ki **“bati”** kò nou, tankou vyann ak lèt, ak manje ki gen lèt, epi **manje ki bay fòs** (lamidon) tankou diri, pòmedetè, pat (tankou makawoni).

Nou ta dwe manje kont nan chak 3 gwoup manje sa yo dekwa pou kò nou fòme zo ak po epi repase yo, pwoteje tèt li ak enfeksyon epi jwenn enèji li bezwen chak jou.

Ki prekosyon moun ta dwe pran nan prepare manje epi nan manje manje a pou moun ede fanmi an egzante maladi ?

- Toujou lave men nou ak savon, ak dlo pwòp anvan nou prepare manje epi anvan nou sèvi l.
- Toujou lave men nou ak savon ak dlo pwòp anvan nou manje.
- Sèvi ak dlo pwòp sèlman (dlo sous ki pwòp) oubyen dlo ki trete oubyen bouyi) pou nou bwè, pou nou kwit manje.
- Lave fwi ak legim byen lave epi rense yo ak dlo pwòp si n ap manje yo kri.
- Kwit tout vyann ak pwason byen kwit.

### 3 gwoup manje yo

Anwetan tibebe ki gen mwens pase 6 mwa, ki bezwen lèt manman yo sèlman, chak moun dwe manje kont manje nan 3 gwoup manje yo chak jou pou yo rete an sante: **manje ki pwoteje** nou tankou fwi ak legim, **manje ki bati** kò nou tankou vyann ak manje ki gen lèt, epi **manje ki bay fòs** (lanmidon) tankou diri, pòmdetè ak pat.

!**ATANSYON!** Itilize anèks la pou ou jwenn plis enfòmasyon sou 3 gwoup manje yo.

#### Move kalite manje



Kola, Tampico, bonbon, tchip ak sirèt se sa yo rele move kalite manje. Yo gen bon gou paske yo gen anpil sik ak sèl men yo pa tèlman bon pou kò nou. Yo pa bay anpil enèji, yo pa ede nan reparasyon mis nou ak zo nou epi yo pa pwoteje kò nou kont enfeksyon ak maladi. An reyalite, manje sa yo ka fè kò mal paske yo ka ranpli li ak twòp sik epi ak twòp grès ki ka lakòz li pa fonksyone byen.

Move kalite manje ka yon danje sitou pou timoun piti paske timoun piti dwe manje manje ki gen nitriman sèlman dekwa pou ni kò yo ni sèvo yo ka devlope byen. Tibebe ak timoun ki poko gen 2 zan pa ta dwe janm manje move manje. Granmoun ta dwe limite kantite move manje yo manje epi yo ta dwe eseye manje manje ki gen nitriman sèlman.

## Malnitrisyon ak sa kilakòz malnitrisyon

**Malnitrisyon** se lè kò a pa gen kont manje oubyen pa gen kont bon kalite manje pou kò a a bay ranman nòmal epi pou li ret an sante.

Nan chak laj yon moun genyen li dwe chanje fason li manje . Byen manje enpòtan paske san li kò a pa ka rete an sante ni li pa ka fonksyone byen. Lè moun pa resevwa nitriman ki kòrèk yo, yo vin malnouri.

**Travay ou kòm yon ajan kore fanmi ap kon santre sou bezwen timoun ki poko gen 2 zan ak fanm ansent oubyen fanm k ap bay timoun tete.**

Se paske malnitrisyon pi danjere pou timoun ak fanm ansent. Si yon fanm malnouri pandan li ansent oubyen si pitit li malnouri pandan premye ane nan vi li, devlopman kò ak devlopman lespri timoun nan ap ralanti. Se pa yon bagay moun ka korije lè timoun nan vin gran—sa ap nui timoun nan pou tout vi li. Paregzanp, timoun nan ka pa gen posiblite pou li rive lwen lekòl. Sa ka lakòz li gen pwoblèm pou li jwenn yon bon travay epi pou li pran swen fanmi li.<sup>2</sup>

### Konsekans malnitrisyon

- Konsekans malnitrisyon—sitou pou timoun piti, fanm ansent, ak moun ki gen maladi grav:
- Moun ki malnouri malad pi souvan, ka yo pi grav, epi yo fè plis tan malad pase moun ki gen byen manje. Yo pa gen ase fòs oubyen enèji pou yo goumen ak maladi.
- Timoun ki malnouri ka pèdi twòp pwa, yo ka sispann devlope, epi yo ka gen pwoblèm devlopman nèt ale paske sèvo yo pa resevwa ase nitriman pou yo devlope byen.
- Fanm ansent ki malnouri ka gen pwoblèm lè y ap akouche oubyen lè tibebe a fin fèt.
- Si yon manman malnouri pandan gwosès la, tibebe a ka fèt piti, li ka fèb epi li ka gen pwoblèm devlopman pi devan nan lavi li.
- Moun ki gen maladi grav konn malad pi souvan lè yo malnouri paske sistèm defans yo déjà fèb.

<sup>2</sup> *Facts for Life*, 61.

## Kòz malnitrisyon

Gen anpil rezon ki fè malnitrisyon egziste nan kominote nou yo, tankou lamizè, mank enfòmasyon sou byen manje, maladi grav, mank ijjèn, ak pwoblèm ekonomik fanmi an.

Malnitrisyon se yon pwoblèm ki grav anpil nan peyi nou e se yon pwoblèm ki difisil pou nou regle. Kòm Ajan nou pa kapab okipe tout kondisyon ki lakòz malnitrisyon, men, nou kapab enstwi fanmi yo sou bon jan nitrisyon, mezire degré malnitrisyon nan kominote nou yo. Epi nou kab voye moun ak pi wo degré malnitrisyon yo nan sant sante kote yo kab jwenn tretman ak èd pou manje. Nou kapab pran enfòmasyon sou ka malnitrisyon tou ki fè sant sante, Ministè Sante ak lòt ajans gouvènman, menm si sa pran bon valè tan, a kapab jwenn solisyon pwoblèm nan yon jou. N ap egzamine ladrès sa yo nan rès fòmasyon an. Chonje nou se yon gwo moso nan yon mouvman jeneral pou swen sante ki chita sou dwa tout moun. Nan egzamine pwoblèm malnitrisyon epi nan ede fanmi jwenn, tretman, se ede n ap ede fanmi jwenn swen sante, sa vle di jwenn avantaj jwi yon manman dwa tout kretyen vivan genyen.

**Sonje:** Ou se yon pyès enpòtan nan apwòch konpreyansyon swen sante, ki chita sou dwa moun. Nan evalye malnitrisyon epi nan ede fanmi yo jwenn tretman, ou ede fanmi yo jwenn swen lasante e sa se youn nan prensipal dwa moun.

## Mank mikwonitriman<sup>3</sup>

Moun dwe byen manje (manje ki byen balanse) pou yo ka rete an sante. Kèk fanmi nan kominote kote ou travay yo pa byen manje epi yo soufri malnitrisyon. Yo pa jwenn ase manje, oubyen yo pa manje ase nan bon kalite manje yo, pou kò yo byen fonksyone epi pou li rete an sante.

Gen diferan kalite malnitrisyon. Gen ladan yo moun genyen lè yo pa gen ase manje ki pwoteje kò, manje ki pwoteje kò se yo ki bay kò a vitamin ak minewo enpòtan. Sa ka danjere sitou pou timoun ak fanm ansent oubyen fanm k ap bay tete.

### Mank fè



**Anemi** met pye lè pa gen kont fè nan san an.

3 Facts for Life, 70-72

**Lakòz:**

- Se: pa manje kont manje ki rich ak fè
- Se: pa jwenn fè anplis pandan gwo sès la

**Siy ak sentòm**

- Po a pal anpil
- Andan popyè yo ak anndan bouch pal anpil
- Zong yo pal
- Gran gran fatig
- Souf kout

**Moun ki plis an danje**

Fi ansent gen plis chans pou yo fè anemi paske kò yo ap pwodui plis san pou ede tibebe a. San anplis la bezwen plis fè pou li fè oksijèn gaye nan tout kò a pou l ede tibebe a devlope.

**Prevansyon**

- Manje manje ki gen anpil fè tankou legim, vyann, fwa, ze, lèt ak pwason.
- Grenn fè ak asid folik (konprime 200mg) yo va pran chak jou pandan gwo sès la, pandan timoun nan nan tete oubyen pandan 2 mwa apre akouchman an si yo pa bay timoun nan tete.

**Tretman**

- 2 konprime fè folat pa jou pandan 2 mwa

**Responsablite Ajan Kore Fanmi an**

- Fè fanm yo konprann kouman sa enpòtan pou yo manje manje ki gen anpil fè tankou legim vèt, vyann, fwa, ze, lèt ak pwason.
- Esplike fanmi yo sa: fanm ansent dwe manje plis pase jan yo abitye manje pou yo ka nouri pwòp tèt yo ansanm ak tibebe k ap devlope nan vant yo a (25% an plis sa yo abitye manje).
- Distribiye grenn fè-folat bay fanm ansent, fanm k ap bay tete, ak lòt fanm ki fè pitit rive sou 2 mwa apre akouchman yo si yo p ap bay tete.
- Voye moun ki gen sentòm anemi nan sant sante.


## Nitrisyon

- Ankouraje tout fanm ansent epi fè yo sonje pou yo ale nan sant sante pou konsiltasyon regilyè pandan gwo sès la. Nan konsiltasyon pandan gwo sès la, doktè a va tcheke si li pa fè anemi.

## Reyasksyon segondè gress fè konn lakkòz

- Ti konstipasyon oubyen dyare
- Poupou nwa
- Kè plen ak vomisman
- Yo ka diminye kè plen ak vomisman an si yo pran gress gress fè a ak manje (sitou manje ki gen anpil vitamin C, tankou ji sitwon, zoranj, tomat, elatriye ak anpil dlo).
- Si yon fanm gen lòt kalite konplikasyon, voye li nan sant sante tousuit.

## Mank vitamin A



**Pa wè lannuit,** se sa ki rive lè yon moun pa gen kont vitamin A. Pa wè lannuit se lè yon moun pa kapab wè bagay lannuit oubyen kote ki pa byen klere jan pou li ta wè yo nòmal.

### Lakòz

- Gwo gwo mank vitamin A nan mòd manje li
- Li pa pran sipleman pou vitamin A

### Siy ak sentòm

Moun pa ki pa wè lannuit kab frape kò l sou bagay, pandan lannuit, paske li gen plis difikilte wè bagay nan fènwa pase lòt moun. Sa rive paske je l pa kapab byen konfòme yo ak fènwa a epi yo pa kapab rekonèt fòm bagay yo.

## Moun ki plis an danje

Timoun ki poke gen 5 an pi an danje pou yo soufri maladi pa wè nan nwit paske zye yo ap devlope epi yo bezwen plis vitamin A pase granmoun pou zye yo byen devlope.

Fanm ansent bezwen plis vitamin A pou yo sipòte pwòp nitrisyon pa yo ak nitrisyon tibebe k ap devlope nan vant yo a. Si yo pa byen manje, yo menm oubyen tibebe yo a ka soufri.

## Konsekans sou timoun

Si yo pa trete maladi pa wè nan nwit lan, li ka lakòz timoun yo vin avèg nèt.


## Prevansyon ak Tretman

- Manje manje ki gen anpil vitamin A, tankou fwi ki gen koulè jòn, abriko ak legim (kawòt, joumou, melon, papay, elatriye) ak fwa.
- Fanm ki ap bay tete ta dwe pran dòz ki gen 200,000 inite nan yon delè ki pa depase 30 jou lè li finn akouche.
- Timoun 12–59 mwa ki gen bon sante ta dwe pran dòz 200 000 inite chak 4 mwa.
- Timoun 6–11 mwa dwe pran dòz 100,000 inite chak 4 mwa.
- Tout timoun ki soufri malnitrisyon ki grav ta dwe tann dezyèm vizit la (apre premye vizit pou bay manje tou pare pou geri moun an, pa egzanp Nourimanba) anvan yo kòmanse pran grenn vitamin A.

## Responsabilite Ajan Kore Fanmi an

- Fòme fanm ak kominate sou maladi pa wè nan nwit ak sou jan pou yo evite li nan manje manje ki gen anpil vitamin A, tankou fwi ki gen koulè jòn abriko ak legim (kawòt, joumou, melon, papay), ak fwa.
- Bay grenn vitamin A regiilyè pou tout timoun ki poko gen 5 an jan sa make nan kalandriye ki nan kaye vaksinasyon chak timoun.
- Voye timoun ki gen sentòm mank vitamin A nan sant sante tousuit.

## Mank yòd



**Gwat** se yon boul oubyen yon anflamasyon ki gen fòm yon balon nan kou yon moun. Moun vin gen gwat lè yo pa gen ase yòd nan kò yo.

### Lakòz

- Gwo mank yòd nan manje moun abitye manje

### Siy ak sentòm

- Yon gwo anflamasyon ki sanble ak yon balon yon kote nan kou a.

### Moun ki plis an danje

Timoun ki pokò gen 5 an ak medam ki gen laj pou yo ansent (ant 15 an ak 45 an) an danje espesyalman. Nan kèk fanmi, yo bay timoun ak fi manje ki manke yòd, men yo sere manje ki gen yòd (ze, sèl, lèt) pou mesye yo. Sa kab gen anpil danje.

## Konsekans sou timoun

- Timoun ki pa gen kont yòd nan manje yo abitye manje a kapab gen pwoblèm ak devlopman mantal k ap dire tout tan. Si yon dam ki ansent soufri ak mank yòd, sèvo tibebe k ap gwosi a kapab pa devlope nòmal epi timoun nan kapab genyen pwoblèm ak devlopman mantal k ap dire tout tan. Yon timoun ak pwoblèm devlopman mantal k ap dire tout tan kapab pa kapab pale ni aji nòmal, pa kapab aprann li ni aprann abiye ni aprann manje pou kont li.

## Prevansyon ak tretman

- Manje manje ki gen anpil yòd, tankou legim ki soti nan tè ki gen anpil yòd, pwodui lanmè, ze, manje ki gen lèt epi pou yo sèvi ak sèl ki gen yòd.
- Li enpòtan anpil tou pou fanm ak timoun pa manje manyòk sèlman paske manyòk anpeche kò a pran tout yòd li bezwen.
- Fanm ki nan laj pou fè pitit (15–49 an), ak fanm kap bay tete, ta dwe pran kapsil luil ki gen yòd (yon kapsil 200 mg chak ane).
- Timoun 6–12 mwa ta dwe pran 10 mikwogram chak ane.
- Timoun ki depase 12 mwa ta dwe pran 20 mikwogram chak ane.
- Fanm ansent dwe pran 2 kapsil (200mmg) yon fwa.
- **Sonje: yo bay ti gason li de 6 mwa pou rive 14 an, ti fi de 6 mwa rive 49 an**

## Responsabilite Ajan Kore Fanmi an

- Montre medam ak manm kominate a jan sa enpòtan pou yo manje manje ki chaje ak yòd, tankou legim ki pouse nan tè ki chaje ak yòd, pwason, ze, manje ki gen lèt epi sèvi ak sèl ki melanje ak yòd.
- Voye tout fanm ansent nan sant sante tousuit, kote yo va resevwa grenn yòd, oubyen ba yo li nan pos rasambleman an.

## Mikwonitriman an poud

Kò a dwe gen ase mikwonitriman pou li ka rete an sante epi pou li ka travay byen. Pafwa sa ka difisil pou yon fanmi jwenn ase mikwonitriman nan manje yo manje, paske yo pa genyen ase manje ki diferan. Sa ka pi difisil pou timoun piti yo jwenn ase mikwonitriman. Menm mank yon sèl vitamin oubyen mineral, tankou fè oubyen vitamin A, ka lakòz pwoblèm sante grav, sitou pou timoun.

Nan ka sa yo, fanmi ka ajoute mikwonitriman an poud nan manje. Sèvi ak mikwonitriman an poud ede paran an ak moun k ap bay swen an bay pitit yo tout vitamin ak minewo yo bezwen.

### Kesyon sou mikwonitriman an poud<sup>4</sup>

#### 1. Ki sa mikwonitriman an poud ye?

Mikwonitriman an poud gen 15 mikwonitriman, ladann yo gen fè ak vitamin. Lepli souvan yo nan ti pakèt nou ouvè pou nou ajoute yo nan manje.

#### 2. Pou ki sa yo sèvi ak mikwonitriman?

Yo sèvi ak mikwonitriman an poud pou anpeche anemi mete pye epi pou trete anemi ak mank mikwonitriman timoun genyen.

#### 3. Ki moun ki ta dwe pran mikwonitriman an poud?

Tout timoun ki gen ant 6 mwa ak 59 mwa san yo pa nan tretman pou malnitrisyon ki serye. Timoun ki ant 6 mwa ak 24 mwa ta dwe premye nan sa ki jwenn mikwonitriman an poud.

---

<sup>4</sup> SGHI, *Micronutrient Sprinkles for Use in Infants and Young Children: Guidelines on Recommendations for Use and Program Monitoring and Evaluation* (Toronto: Sprinkles Global Health Initiative, 2008) (hereafter cited as *Micronutrient Sprinkles*) <http://www.sghi.org/resource-centre/GuidelinesGen2008.pdf>; and World Health Organization, *Guideline: Use of multiple micronutrient powders for home fortification of foods consumed by infants and children 6-23 months of age* (Geneva: WHO, 2011) [http://whqlibdoc.who.int/publications/2011/9789241502047\\_eng.pdf](http://whqlibdoc.who.int/publications/2011/9789241502047_eng.pdf).

**4. Ki moun ki pa ta dwe pran mikwonitriman an poud?**

Timoun ki malnouri serye pa ta dwe sèvi ak mikwonitriman an poud ni ak lòt sipleman ak fè pandan 7 jou tretman yo pou malnitrisyon. Timoun ki gen yon fyèv oubyen ki kab gen palidis (malarya) pa ta dwe sèvi ak mikwonitriman an poud ni ak sipleman ki gen fè jistan yo refè.

**5. Konbyen fwa yo ta dwe bay timoun mikwonitriman an poud epi ki kantite yo ta dwe ba yo?**

Timoun ant 6 mwa ak 59 mwa ki soufri malnitrisyon ki pa grav ta dwe jwenn yon pakèt chak jou ak manje pandan 60 jou (= 2 mwa). Si yon manman sote yon jou san li pa fè espre, sa pa pi mal, men, li ta dwe fè mwayen posib pou li bay pitit li yo mikwonitriman an poud la chak jou pandan 60 jou. Apre manman an bay pitit li mikwonitriman an poud la pandan 60 jou, li ta dwe tann 4 mwa (san li pa bay timoun nan mikwonitriman an poud la pandan tan sa a) epi apre sa l ap rekòmanse bay timoun nan mikwonitriman an poud la pandan 2 lòt mwa.

**6. Ki jan nou sèvi ak mikwonitriman an poud la?**

Ajoute mikwonitriman an poud la sou nenpòt manje ki mwatye dlo pou jan li mou epi melanje yo byen melanje. Se pou yo manje manje a anvan 30 minit pase paske mikwonitriman pral fè manje a vin nwa apre yon valè tan. Se pa nan likid nou dwe ajoute mikwonitriman an poud nan manje a apre manje a fin kwit e apre chalè li bese dekwa pou yo manje alèz. Pa ajoute mikwonitriman an poud la pandan manje a ap kwit.

**7. Ki jan Ajan an ta dwe di paran oubyen moun ki reponsab la sou dezagreman mikwonitriman an ta kapab bay la?**

Nan dezagreman ki posib gen yon koulè nwa poupou a kab genyen, gen konstipasyon oubyen yon ti dyare. Nou ta dwe di paran oubyen moun ki reskonsab dezagreman sa y opa serye, yo ta dwe disparèt nan kèk jou oubyen kèk semènsemèn. Si dezagreman sa yo pa ta disparèt apre kèk jou oubyen kèk semènsemèn, moun ki reskonsab la ta dwe fè pakèt mikwonitriman an poud la fè 2 oubyen 3 ti kantite pou yo fè manje a tounen 2 oswa 3 ti manje pandan jounen an.

- 8.** Ki jan Ajan an kapab jwenn mikwonitriman an poud la pou li distribiye li ba fanmi yo?

Nou pral jwenn mikwonitriman an poud la nan sipèvizè nou an oubyen nan sant sante a. Nou pral bay fanmi yo mikwonitriman an poud lè rasanbleman oubyen lè vizit kay moun.

- 9.** Ki diferans ki genyen ant mikwonitriman an poud ak Nourimanba?


Mikwonitriman an poud se pou timoun ki soufri malnitrison ki pa grav. Nourimanba se pou timoun ki soufri malnitrison ki serye.

### Ki jan pou nou sèvi ak mikwonitriman an poud<sup>5</sup>

- 1.** Chire tèt pakèt la pou louvri l.




- 2.** Vide tou sa ki nan pakèt la nan manje a.





---

<sup>5</sup> *Micronutrient Sprinkles.*

3. Melanje manje a byen melanje lè w ajoute pakèt mikwonitriman an poud la ladann.



4. Manje ki melanje ak mikwonitriman an poud la, se pou yo manje l nan 30 minit apre melanje lan paske vitamin ak mineral nan mikwonitriman an poud la pral lakòz manje vin nwa piti piti lè tan ap pase.



### Pwen ki enpòtan

- Yo mèt ajoute mikwonitriman an poud nan nenpòt ki manje mou mwatye dlo, men, y opa dwe mete l nan dlo ak lòt likid.
- Se apre manje a fin kwit epi chalè l bese, ki fè yo manje l fasil, yo dwe ajoute mikwonitriman an poud la.
- Melanje mikwonitriman an poud la ak yon valè manje timoun nan kapab fin manje nan yon sèl manje a.
- Pa bay plis pase 1 sèl gress pakèt plen chak jou.
- Pa separate manje ki melanje ak mikwonitriman an poud ak lòt moun nan kay la paske dòz mineral ak vitamin nan yon pakèt mikwonitriman an poud se dòz egzat la pou yon gress timoun pou yon gress jou.

## Nitrisyon pou fanm ansent ak fanm k ap bay tete

Fanm ansent ak fanm ki ap bay tete bezwen manje **plis manje** pase jan yo abitye manje. Yon fanm ansent dwe manje plis manje pase jan li abitye manje pou li rete an sante epi pou li jwenn ase nitriman pou tibebe k ap devlope anndan li a. Yon fanm ki ap bay tete dwe pwodui lèt pou tibebe li epi kò li bezwen plis enèji ak nitriman pou li fè sa.

Fanm ansent, fanm ki ap bay tete bezwen manje ase manje nan 3 kalite manje yo chak jou. Paske yo bezwen plis manje, yo bezwen manje pou pipiti **yon ka (25%) an plis** manje pase sa yo abitye manje. Sa vle di 2 gwo manje plis ti goute, oubyen 3 manje, pa jou.<sup>6</sup>



**ATANSYON!** Itilize anèks la pou ou jwenn plis enfòmasyon sou nitrisyon pou fanm ansent ak fanm k ap bay tete.

---

<sup>6</sup> *Facts for Life*, 15.

## Bay tete

Sa pa sifi pou fanm yo konnen enpòtans bay tete a sèlman menyo dwe aprann kouman pou yo byen bay tete a tou. Anpil moun panse bay tete a se yon bagay natirèl, sa vle di tout fanm ta dwe konnen ki jan pou yo fè sa, men an reyalite, chak fanm dwe aprann koman pou yo bay tete a byen. Gen fanm ki gen plis pwoblèm pou yo aprann bay tete byen pase lòt fanm; tout fanm pa menm.

Yon pati enpòtan nan travay ou kòm ajan kore fanmi se ede fanm aprann kouman pou yo bay tibebe yo tete byen epi ede yo aprann kouman pou yo rezoud nenpòt pwoblèm. Sa ap fè nou sèten tibebe a jwenn manje ke li bezwenn kou li fèt.

**Youn nan pi bon fason ou va ede yon fanm bay tete sèlman se ankouraje li ale nan sant sante 3 jou apre akouchman an, epi chak semèn pandan 1ye mwa a si sa posib, dekwa pou li ka aprann bay tete byen.**

 **ATANSYON!** Itilize anèks la pou ou jwenn plis enfomasyon sou bay tete.



## LIS KONTWÒL SOU BAY TETE<sup>7</sup>

**Non manman an**  


---

**Non ti bebe a**  


---

**Dat** \_\_\_\_\_

**Laj tibebe a** \_\_\_\_\_

### Siy ki moutre ou bay tête a byen:

#### JENERAL

##### Manman an:

- Manman parèt an sante
- Manman an alèz e li santi byen
- Siy attachman ant manman an ak tibebe a

##### Tibebe a:

- Tibebe a parèt an sante
- Tibebe a kal e li alèz
- Tibebe a chèche tête a si li grangou

#### TÈTE

- Tete a parèt an sante
- Manman an pa gen doulè oubyen li pa ti pwoblèm nan tête
- Manman an byen soutni tête a ak dwèt li

### Siy difikilte:

#### JENERAL

##### Manman an:

- Manman an sanble li malad oubyen li tris
- Manman parèt mal alèz
- Manman an ak tibebe a pa gade youn lòt nan je

##### Tibebe a:

- Tibebe a kòm anvi dòmi oubyen li sanble malad
- Tibebe a ap bat kò l oubyen l ap kriye
- Tibebe a pa chèche

#### TÈTE

- Tete a parèt wouj, anfle, oubyen malad
- Manman an gen doulè nan tête oubyen nan pwent tête l
- Manman an kenbe tête a ak dwèt li nan pati fonse a, lwen pwent tête a

7 UNICEF/WHO, *UNICEF/WHO Breastfeeding Promotion and Support in a Baby-Friendly Hospital: 20 hour Course, Section 3.2 Revised, Updated and Expanded for Integrated Care* (New York/Geneva: UNICEF/WHO, 2006), 118. [http://www.unicef.org/nutrition/files/BFHI\\_Revised\\_Section\\_3.2.pdf](http://www.unicef.org/nutrition/files/BFHI_Revised_Section_3.2.pdf)



## LIS KONTWÒL SOU BAY TETE

### Siy ki moutre ou bay tete a byen:

#### POZISYON TIBEBE A

- Tèt tibebe a ak kò li (zòrèy-zepòl-senti) kenbe byen dwat
- Manman an kenbe tibebe a kole sou li
- Li kenbe tout kò tibebe a
- Tibebe a chèche pwent tete a tete a ak nen li

#### FASON TIBEBE A KOLE NAN TETE A

- Pi fò won fonse ki antoure tete parèt anlè po bouch anlè tibebe a
- Bouch tibebe a louvri byen laj
- Po bouch anba tibebe a vire lanvè
- Babin tibebe a touche ak tete a

#### FASON TIBEBE A AP RALE LÈT LA

- Tibebe ap rale lèt la soti fon tou dousman, epi li pran yon poz
- Bò machwè tibebe a won lè l ap tete
- Tibebe lage tete a lè li fini

### Siy difikilte:

#### POZISYON TIBEBE A

- Kou tibebe a ak tèt li vire pou l tete
- Li pa kenbe tibebe a pre l
- Se tèt tibebe a ak kou l manman an kenbe sèlman
- Tibebe a chèche pwent tete a tete a ak po bouch anba li oubyen ak babin li

#### FASON TIBEBE A KOLE NAN TETE A

- Pi fò won fonse ki antoure tete a parèt anba po bouch anba tibebe
- Bouch tibebe a pa louvri byen laj
- Po bouch tibebe a pwenti al devan oubyen yo vire ranstre
- Babin tibebe a pa touche ak tete a

#### FASON TIBEBE A AP RALE LÈT LA

- Tibebe a rale vit, tankou se van l ap rale
- Bò machwè l ranstre lè l ap tete
- Manman an retire tete a nan bouch tibebe a

## Fanm ak VIH

Lontan, yo te konseye fanm ki gen VIH pou yo pa bay timoun tete, men pou yo bay timoun nan lèt nan bwat pito pou yo evite bay pitit la VIH la. Se paske viris VIH la ka nan lèt ki nan tete a.

Men MSPP ak doktè toupatou sou latè dekouvri fanm ki gen VIH ka bay tibebe a tete sèlman si yo kòmanse pran ARV omwen 3 mwa anvan yo akouche epi si yo bay tibebe a *zidovidune* ak *nevirapine*. Manman an ta dwe fè teste tibebe a pou VIH 6 semenn apre akouchman an epi lè tibebe a gen 18 mwa.

Fanm ki pa te pran ARV pandan 3 mwa anvan akouchman an dwe bay tibebe a lèt nan bwat sèlman oubyen avèk dlo trete.

Kòm Ajan Kore Fanmi, responsabilite w se pou ou konseye fanm ki gen VIH ki sou tretman ARV, dwe pran swen anvan akouchman, swen apre akouchman epi bay tete. W a aprann plis sou sa nan lòt fòmasyon.

## Lòt manje an plis pou timoun 6–24 mwa

Lèt manman se pi bon nouriti pou tibebe ant 0 ak 6 mwa. Timoun ki gen plis pase 6 mwa bezwen lòt manje akote lèt manman an pou yo ka jwenn tout vitamin yo bezwen. Manman yo ta dwe kòmanse bay bebe yo manje ki fre, sa vle di ki fèk prepare, epi ki gen fòs akote lèt manman an lè timoun nan gen 6 mwa.

**ATANSYON!** Itilize anèks la pou ou jwenn plis enfòmasyon sou lòt manje an plis pou timoun 6–24 mwa.

### Kouman pou nou bay timoun 6–24 mwa manje<sup>8</sup>

	6 mwa	7–8 mwa	9–11 mwa	12–24 mwa
<b>Konbyen Fwa Pa Jou</b>				
<i>Konbyen fwa pa jou ou ta dwe bay yon tibebe oubyen timoun piti manje?</i>	3 fwa pa jou	3 manje ak 1–2 ti goute pa jou	3 manje ak 1–2 ti goute pa jou	3 manje ak 1–2 ti goute pa jou
<b>Kantite</b>				
<i>Ki valè manje ou ta dwe bay yon tibebe oubyen yon timoun piti pou chak manje?</i>	$\frac{1}{2}$ tas	$\frac{3}{4}$ tas	$\frac{3}{4}$ tas	1 tas
<b>Epesè</b>				
<i>Nan ki nivo pou ou fè manje a près ?</i>		On ti jan pi près men fasil pou li vale.	On ti jan pi près men fasil pou li vale ak kèk ti boul; divès gou.	Ti moso manje li ka moulen epi vale fasil.
<b>Varyete</b>				
<i>Ki kalite manje tibebe a oubyen timoun piti a ta dwe manje?</i>	Entwodui nouveau manje youn pa youn; eseye entwodui manje nan diferan gwoup.	Ba li manje nan tout gwoup manje chak jou.	Ba li manje nan tout gwoup manje chak jou.	Ba li menm manje rès fanmi an manje (mete manje nan tout gwoup manje yo chak jou—pa mete).

8 IYCN Counseling Cards.

	6 mwa	7–8 mwa	9–11 mwa	12–24 mwa
<b>Alimantasyon Aktif</b>				
<i>Ki sa manman an ta dwe fè pou li ankouraje tibebe oubyen timoun piti a pou li manje?</i>	Ba li tete, epi apre sa ofri li manje; sèvi ak yon bòl ak yon kiyè apa; gade tibe a, ri avèk li; se pou janti epi se pou kè w kontan.	Ba li tete, epi apre sa ofri li manje; sèvi ak yon bòl ak yon kiyè apa; gade tibe a, ri avèk li; se pou janti epi se pou kè w kontan.	Ba li tete, epi apre sa ofri li manje; sèvi ak yon bòl ak yon kiyè apa; gade tibe a, ri avèk li; se pou janti epi se pou kè w kontan.	Ofri li manje epi apre sa ba li tete; sèvi ak yon bòl ak yon kiyè apa; gade tibebe a, ri avèk li; se pou ou janti epi se pou kè w kontan.
<b>Ijyen</b>				
<i>Ki sa manman an ta dwe fè pou li toujou fè bon lijyèn pèsònèl?</i>	Lave men yo (men manman an ak pa tibebe a) epi lave tout bagay l ap sèvi anvan li sèvi avèk yo; mete rès manje nan yon resipyen ou kouvri.	Lave men yo (men manman an ak pa tibebe a) epi lave tout bagay l ap sèvi anvan li sèvi avèk yo; mete rès manje nan yon resipyen ou kouvri.	Lave men yo (men manman an ak pa tibebe a) epi lave tout bagay l ap sèvi anvan li sèvi avèk yo; mete rès manje nan yon resipyen ou kouvri.	Lave men yo (men manman an ak pa tibebe a) epi lave tout bagay l ap sèvi anvan li sèvi avèk yo; mete rès manje nan yon resipyen ou kouvri.

## Bay tete

Pou ki sa tibebe 6 mwa bezwen kòmanse manje lòt manje apre lèt manman?

Lè tibebe a gen 6 mwa li ka dijere lòt manje epi li bezwen manje ki gen nitriman ki pa menm ak sa li pran nan tete pou li ka gen bon nitrisyon. Lèt manman pa ase pou tibebe ki gen 6 mwa ak sa ki pi gran.

Nan anpil kote sou latè, timoun sispann devlope byen lè yo gen 6 mwa. Sa enpòtan anpil pou manman ak papa ede timoun yo manje pou yo ka sèten yo jwenn tou sa yo bezwen.

Pou ki sa manman ta dwe kontinye bay tibebe tete jouk tibebe a gen 24 mwa oubyen apre sa?

- Lèt manman an toujou genyen anpil nitriman timoun nan pa ka jwenn nan lòt manje. Se pi bon sous vitamin enpòtan, minewo, ak lòt nitriman k ap ede timoun piti grandi byen.
- Lèt manman kontinye pwoteje timoun nan kont anpil maladi menm apre 6 mwa.
- Timoun ki nan tete konn souvan pi an sante pase lòt timoun epi yo travay pi byen lekòl tou.
- Bay tete fè tibebe santi yo byen, sitou si yo malad.
- Lèt manman se lèt ki fre epi ki pwòp. Li pi pwòp pase nenpòt lòt manje.

## Prensip pou nou suiv lè n ap bay timoun lòt manje<sup>9</sup>

### 1. Chak ki lè pou timoun yo manje

- Timoun nan ta dwe manje plizyè fwa pa jou paske vant li piti epi li pa ka kenbe twòp manje yon sèl kou. Pandan timoun nan ap vin pi gran, li ka manje plis manje pandan chak manje ak kèk ti goute pandan tout jounen an:
- Kòmanse sou 6 mwa, timoun nan ka manje labouyi anrichi oubyen lòt manje espesyal 2–3 fwa pa jou.
- Sou 9–12 mwa, sa ka pase nan 3–4 fwa pa jou.

<sup>9</sup> IYCN Counseling Cards.

- Timoun nan ta dwe pran ti goute ki gen nitriman 1–2 fwa pa jou an plis manje yo, tankou fwi kraze, kasav ak manba, marinad avèk aran, benyen, ze, zaboka, eksetera.
- Timoun nan ta dwe kontinye pran tete jouk yo gen 24 mwa (2 an).

## 2. Kantite Manje

- Chak fwa ou bay timoun nan manje, fè on ti ogmante kantite manje a.
- Kòmanse avèk 2–4 gwo kiyè manje pa manje lè li gen 6 mwa epi ogmante li tanzantan pou rive sou yon 1 tas lè li gen 12 mwa.
- Ant 12 ak 24 mwa, kontinye ogmante kantite manje a.

## 3. Epesè manje a

- Timoun dwe aprann manje, menm jan yo dwe aprann rale, kanpe, epi mache. Se pou sa yo ta dwe ba yo manje yo ka manje, manje yo ka kenbe nan bouch yo epi moulen san pwoblèm.
- Pandan timoun nan ap vin pi gran epi l ap aprann manje, epesè manje yo ka manje va chanje.
- Lè timoun nan gen 6 mwa, mouvman lang li ak machwa li ap devlope toujou, kon sa li ta dwe manje manje ki mou men ki près.
- Lè y ap vin pi gran, li ka kòmanse manje mou ki gen pi gwo moso ak pi gwo boul epi tanzantan li ka kòmanse manje kèk nan manje granmoun manje.
- Labouyi avwàn pou timoun dwe pa two di ase pou tibebe a ka manje li, men li dwe près ase pou li plen vant li avèk manje ki gen nitriman (pa dlo sèlman).
- Lè nou bay timoun manje yo ka manje san pwoblèm, nou ka veye pou yo manje kantite yo sipoze manje a pandan chak manje.

**4. Kalite manje yo**

- Timoun ant 6 ak 24 mwa grandi vit epi yo bezwen manje ki gen anpil nitriman.
- Timoun bezwen anpil manje nan 3 kalite manje yo:
  - Fwi ak legim (manje ki pwoteje kò) chak jou
  - Ti kantite vyann fwa, ze, pwason oubyen pwa (manje pou bati kò) chak fwa sa posib pou ede sèvo yo devlope byen epi pou ba yo ase mikwonitriman
  - Labouyi ak lòt manje ki bay fòs ak enèji ki gen anpil nitriman, tankou zoranj, patat, elatriye.

**5. Bay manje ak atansyon**

- Manman ak moun k ap bay swen ta dwe konsantre sou tibebe a epi pale avèk li pandan y ap ba li tete oubyen y ap ba li manje. Sitou:
  - Bay timoun nan manje dirèkteman, dousman, avèk pasyans.
  - Pale ak timoun nan epi gade li pandan w ap ba li manje a (Fè je w kontre ak je li).
  - Ankouraje timoun nan pou li manje men pa fose li manje.
  - Bay timoun nan manje nan pwòp bòl pa li oubyen nan pwòp asyèt pa li (pa ba li manje nan yon bòl oubyen yon asyèt li pataje ak lòt moun).
  - Bay timoun nan likid nan yon tas pwòp avèk yon ti kiyè.
- Lè yon manman oubyen yon moun k ap bay swen ede timoun nan manje, li gen plis kontwòl sou kantite manje a ak kalite manje timoun nan ap manje. Li ka di timoun nan pou li manje, li konnen lè timoun nan grangou oubyen lè vant li plen, ak lè li malad.

## Egzanz manje pou timoun 6–24 mwa<sup>10</sup>

Laj	Manje nan maten	Ti goute	Manje midi	Ti goute	Manje leswa
<b>6–9 mwa</b>	Labouyi pwès avèk luil	½ fig pile	Diri ak pwa kraze		Labouyi pwès avèk poud pwason
<b>9–12 mwa</b>	Labouyi pwès avèk manba	½ fig pile	Diri ak pwa; luil palmye wouj ak fèy vèt avèk gress jounou	Zoranj oubyen ji zoranj	Diri avèk legim
<b>12–24 mwa</b>	Diri (oubyen lòt manje debaz) avèk legimak fèy vèt ak bè oubyen luil	Pwa; pen avèk manba	Diri ak pwa luil ak fèy vèt avèk gress jounou	Pitimi gato sèk oubyen mango	Diri (oubyen lòt manje kle) avèk pwason oubyen vyann ak legim

10 LINKAGES Project, *Behavior Change Communication for Improved Infant Feeding: Training of Trainers for Negotiating Sustainable Behavior Change* (Washington, DC: Academy for Educational Development, 2004), 107 (hereafter cited as *Behavior Change Communication for Improved Infant Feeding*).

## Resèt<sup>11</sup>

### Labouyi WSB/CSB avèk pwason sèch (sale)

#### SA NOU BEZWEN

Farin WSB oubyen CSB	1½ tas pou mezi
Pwason sèch	3 moso (“mak”)
Dlo	4 kat tas pou mezi
Luil	3 kiyè
Sèl lave	yon pense

#### SA POU NOU FÈ

1. Mete pwason an nan dife pandan kèk segonn pou ou ka retire po a, apre sa tranpe pwason an nan dlo pandan kèk minit pou retire sèl la, apre sa koupe li an ti moso, retire zo yo, epi pile pwason an.
2. Mete yon chodyè sou dife epi limen dife a. Ajoute luil epi chofe luil la. Mete pwason a nan chodyè a epi kite li fri pandan kèk minit. Ajoute 1 ½ tas dlo. Bouyi sa epi ajoute yon pense sèl lave.
3. Melanje rès dlo a ak farin pou ou fè yon pat.
4. Vide pat farin nan nan sòs pwason ki sou dife a. Bouyi li ankò epi kontinye bouyi li pandan w ap brase li pandan 10 minit.

---

11 *Behavior Change Communication for Improved Infant Feeding.*

## Labouyi WSB/CSB avèk sik ak lèt an poud (sikre)

### SA NOU BEZWEN

WSB oubyen CSB farin	$1\frac{1}{2}$ tas pou mezire
Dlo	4 tas pou mezire
Sik wouj	$\frac{1}{2}$ to 1 tas pou mezire
Sèl lave	yon pense
Lèt an poud (lèt antye)	apeprè $\frac{1}{2}$ tas pou mezire

### SA POU NOU FÈ

1. Melanje 2 tas dlo ak farin pou nou fè yon pat farin.
2. Bouyi yon lòt 2 tas dlo. Ajoute sèl lave ak sik. Vide pat farin nan nan dlo a pandan w ap brase li. Bouyi li ankò pandan w ap brase li epi kontinye bouyi li pandan w ap brase li pandan 10 minit.
3. Ajoute lèt an poud la lè 10 minit prèske pase epi byen brase li.
4. Ou ka sèvi ak lèt fre angiz lèt an poud la. Si ou sèvi ak lèt fre, sèvi ak mwens dlo.

## Labouyi farin ble avèk pwa ak pwason sèch (sale)

### SA NOU BEZWEN

Farin ble griye	1 tas pou mezire
Farin pwa griye	$\frac{1}{2}$ tas pou mezire
Pwason sèch	2–3 moso (“mak”)
Dlo	4 tas pou mezire
Luil	2 kiyè
Sèl lave	yon pense
Sitwon pou lave pwason	

### SA POU NOU FÈ

1. Triye pwa a epi lave li. Apre sa griye pwa a nan yon chodyè pandan 10–15 minit. Kite pwa a frèt. Apre sa pile pwa a jouk li tounen farin. Vannen farin nan pou retire po pwa yo.
2. Netwaye pwason an avèk sitwon, mete pwason an nan dife pandan kèk segonn pou retire po a, apre sa tranpe pwason an nan dlo pandan kèk minit pou retire sèl la, apre sa koupe li an ti moso, retire zo yo, epi pile pwason an.
3. Melanje 2 tas dlo ak farin ble a ak farin pwa a pou fè pat la.
4. Mete yon chodyè sou dife epi chofe li. Ajoute luil la, pwason pile a, ak 2 tas dlo. Bouyi li epi ajoute yon pense sèl lave. Bouyi li pandan kèk minit ankò epi apre sa retire chodyè a sou dife.
5. Vide pat farin nan nan sòs pwason an pandan w ap brase li. Remete chodyè a sou dife, pou melanj lan bouyi ankò epi kite li bouyi pandan 20 minit pandan w ap brase li.

## Labouyi farin ble avèk pwa (sikre)

### SA NOU BEZWEN

Farin ble griye	1 tas pou mezire
Farin pwa griye	$\frac{1}{2}$ tas pou mezire
Dlo	4 tas pou mezire
Sik wouj	$\frac{1}{2}$ tas pou mezire
Sèl lave	yon pense

### SA POU NOU FÈ

1. Triye pwa a epi lave li. Apre sa griye pwa a nan yon chodyè pandan 10-15 minit. Kite pwa a frèt. Pile pwa a pou fè farin. Vannen farin nan pou ou ka retire po pwa yo.
2. Pase farin ble a nan paswa. Griye farin nan pandan 5 minit apre sa kite li frèt. Pase farin ble a nan paswa ankò plizyè fwa. Apre sa melanje farin ble a avèk pwa a.
3. Vide 2 tas dlo nan farin ble a ak nan farin pwa a pou ou fè pat la.
4. Bouyi yon lòt 2 tas dlo. Ajoute sèl lave a ak sik la ladan. Retire chodyè a sou dife epi kite dlo a fè yon ti frèt. Apre sa vide pat farin nan nan dlo a pandan w ap brase li.
5. Bouyi li ankò pandan w ap brase li epi kontinye bouyi li pandan w ap brase li pandan 20 minit.

## Labouyi farin ble avèk 1 ze

### SA NOU BEZWEN

Labouyi farin ble	$\frac{1}{2}$ tas pou mezire
1 ze	

### SA POU NOU FÈ

1. Brase ze a jouk pati blan an ak pati jòn nan byen mele.
2. Ajoute labouyi ou te gentan prepare a epi brase tou sa.
3. Vide labouyi ak ze a nan yon chodyè epi kite li sou dife pandan kèk minit pandan w ap brase li.

## Bannann pile (kraze) avèk joumou ak pwason sèch

### SA NOU BEZWEN

Bananan pile “matenten”, ak bannann bouyi	1½ tas pou mezire
Joumou bouyi ak joumou pile	1½ tas pou mezire
Sèl lave	1 ti kiyè
Ji ½ sitwon	
Pwason sèch	4–5 moso (“mak”)
Pat tomat	1 ti kiyè
Bè (melanje ak pat tomat la)	yon ti moso
Epis (1 Magi, lay, ak zonyon vèt, ki melanje ansanm epi ki pile)	
Luil	4 ti kiyè
Dlo	1½ tas pou mezire

### SA POU NOU FÈ

1. Lave bananan yo epi retire po joumou a epi koupe joumou an an ti moso.
2. Bouyi 2 tas dlo epi ajoute sèl lave ladan. Apre sa ajoute bannann nan, joumou a, ak ji sitwon an nan dlo bouyi a.
3. Kouvri chodyè a avèk yon kouvèti oubyen yon asyèt epi kite li bouyi pandan 25 minit
4. Koupe bannann yo pou ou retire kè yo, apre sa kraze bannann nan avèk yon kiyè.
5. Kraze moso joumou an.
6. Mete pwason an nan dife a pandan kèk segonn pou ou retire po a, apre sa tranpe li nan dlo pandan kèk minit pou retire sèl la, apre sa koupe li an ti moso, retire zo a, epi pile pwason an.
7. Melanje luil la ak pat tomat la avèk bè yo ansanm. Mete melanj sa a ak epis yo nan chodyè, chofe yo, epi apre sa ajoute pwason an ak ½ tas dlo ki te rete nan dlo ou te bouyi bannann nan ak joumou an. Kite li bouyi pandan kèk minit, ajoute 1 tas dlo epi kite li bouyi ankò pandan kèk minit ankò.
8. Melanje bannann kraze a ak joumou kraze a avèk sòs pwason an.

## Boulèt WSB/CSB avèk pwason sèch

### SA NOU BEZWEN

Farin WSB oubyen CSB	1 tas pou mezire
Sèl lave	yon pense
Pwason sèch	2 moso (“mak”)
Dlo	$\frac{1}{2}$ to 1 tas pou mezire

### SA POU NOU FÈ

1. Mete pwason an nan dife pandan kèk segonn pou ou retire po a, apre sa tranpe pwason an nan dlo pandan kèk minit pou ou retire sèl la, apre sa koupe li an ti moso, retire zo yo, epi pile pwason an.
2. Melanje dlo, sèl, ak farin nan pou ou fè pat la.
3. Mete pwason pile a nan pat la epi brase li byen.
4. Mete yon chodyè sou dife. Mete yon ti luil ladan epi kite li chofe. Fè ti boul ak pat la epi kite yo nan fri luil cho a pandan 5 minit apeprè.

## Ti goute ak pitimi (Chanm Chanm)

### SA NOU BEZWEN

Farin pitimi griye	3½ tas pou mezire
Farin pistach griye	2 tas pou mezire
Sik wouj	1 tas pou mezire
Sèl lave	1 ti kiyè

### SA POU NOU FÈ

5. Triye pistach ki pa gen gwo po yo men pa lave yo. Apre sa griye pistach yo pandan 10 minit nan yon chodyè. Kite pistach yo vin frèt. Retire po pistach yo. Apre sa pile pistach yo pou ou fè farin.
6. Lave pitimi an epi seche li nan solèy. Apre sa griye pitimi an pandan 10 minit nan yon chodyè (Kèk grenn pitimi ka pete). Kite pitimi an vin frèt. Apre sa pile pitimi an epi pase li nan paswa plizyè fwa pou fè li tounen yon farin fen.
7. Melanje pitimi an, farin pistach la, sik wouj la, ak sèl la ansanm epi pile melanj lan jouk li vin tounen yon poud ki fen anpil.

## Divès fòm malnitrisyon<sup>12</sup>

### Rachitik



12 UNICEF, *Nutrition in Emergencies*, Section 2, Lesson 2.3: Types of Undernutrition: Growth Failure (New York, NY: United Nations Children's Fund, 2011).

Yon timoun **Rachitik** se lè li gen bon fòm men li twò kout pou laj li. Lè yon moun rachitik se menm bagay ak si li soufri malnitrisyon kwonik.

### **Kòz**

Timoun vin rachitik lè manman an pa byen manje pandan gwosès la, oubyen lè timoun nan pa byen nouri oubyen yo pa byen pran swen li oubyen yo pa ba li bon manje, sitou ant lè li fèt ak lè li gen 24 mwa.

### **Siy ak Sentòm**

- Li twò kout pou laj li (sa ka difisil pou nou wè)
- Li ka gen lòt pwoblèm moun pa ka wè (Li gen pwoblèm pou li reflechi epi pou li aprann, pwoblèm sante, elatriye.)

### **Sa Ajan Kore Fanmi an dwe fè**

- Bay fanmi an konsèy sou jan pou yo bay timoun nan manje.

## Deseche (Mèg)



## Nitrisyon

Yon timoun **deseche (mèg)** se lè li twò mèg epi li pa peze ase pou laj li oubyen pou wotè li. Lè yon timoun deseche se menm ak lè li soufri malnitrisyon grav.

## Kòz

Timoun vin deseche lè li pa viv sante, epi lè li pa byen nourit oubyen yo pa pran swen li byen. Timoun deseche souvan nan peryòd ijans (siklòn, sechrès, elatriye.)

## Siy ak Sentòm

- Li twò mens pou wotè li
- Li ka pa viv an sante

## Sa Ajan Kore Fanmi an dwe fè

- Pran mezi kontou bra timoun nan epi peze li.
- Bay fanmi an konsèy sou jan pou yo bay timoun nan manje byen.

## Maras



**Maras** se lè yon timoun deseche anpil; timoun nan mèg anpil epi pi fò nan matyè gra li ak vyann li depafini.

### Kòz

Maras se lè yon timoun prèske pa janm manje (gwo mank manje). Maras se yon fòm malnitrisyon ki grav anpil anpil.

### Siy ak Sentòm

- Mèg anpil, zo li parèt, li sanble ak yon eskelèt
- Figi li sanble ak figi yon granmoun ki mèg anpil
- Po li ap trennen nan ponyèt li, kuis li epi dèyè li
- Li grangou anpil
- Li vivan epi li fache fasil

### Sa Ajan Kore Fanmi an dwe fè

- Pran mezi kontou bra epi peze timoun nan.
- Gade si li gen anflamasyon ki kite mak lè ou peze yo.
- Voye timoun nan nan sant sante tousuit (dapre rezulta mezi kontou bra a ak tès anflamasyon an).
- Vizite fanmi an pou suiv sitiyasyon an epi pou ou ede li avèk tretman an.

## Kwatchòkò



**Kwatchòkò** se lè pati pi ba janm yon timoun, epi pafwa men li, ponyèt li, figi li anfle. **Kwatchòkò** se yon fòm malnitrisyon ki grav anpil.

### Kòz

**Kwatchòkò** se lè yon timoun prèske pa janm manje, sitou manje pou bati kò li (pwoteyin). **Kwatchòkò** se yon fòm malnitrisyon ki grav anpil.


### Siy ak Sentòm

- Pye anfle ak janm anfle (ni pye ni janm) epi pafwa men anfle, ponyèt anfle epi figi anfle (anflamasyon); lè ou peze yon kote ki anfle ak dwèt ou mak la rete (anflamasyon kite mak lè ou peze li)
- Cheve li chanje koulè (vin jòn oubyen jòn sitwon)
- Po a pèdi koulè oubyen chanje koulè pa plak, maleng oubyen enfeksyon sou po a
- Li pa grangou, li pa gen apeti
- Kò li lage (li pa gen enèji) epi li fache fasil
- Vant anfle

### Sa Ajan Kore Fanmi an dwe fè

- Pran mezi kontou bra a epi peze timoun nan.
- Gade si li gen anflamasyon ki kite mak lè ou peze yo.
- Voye timoun nan nan sant sante tousuit (dapre rezulta mezi kontou bra a ak tès anflamasyon an).
- Vizite fanmi an pou suiv sitiyasyon an epi pou ou ede li avèk tretman an.

## Maras ak Kwatchòkò



**Maras ak Kwatchòkò** se lè timoun nan gen ni maras ni kwatchòkò, epi li vin chèch anpil pandan janm li ak pye li anfle epi pafwa ponyèt li ak figi li anfle tou (anflamasyon).

### Kòz

Maras ak kwatchòkò rive lè yon timoun prèske pa manje. Maras ak kwatchòkò se yon fòm malnitrisyon ki grav anpil.

### Siy ak Sentòm

- Li mèg anpil epi moun ka wè zo kòt li
- Pye li anfle epi jarèt li anfle (ni pye ni janm) epi pafwa men li anfle, ponyèt li anfle epi figi li anfle (anflamasyon); lè ou peze yon kote ki anfle ak dwèt ou mak la rete (anflamasyon kite mak lè ou peze li)
- Li ka gen lòt sentòm maras ak kwatchòkò (enfeksyon po, cheve chanje koulè, eks.)
- Vant anfle

### Sa Ajan Kore Fanmi an dwe fè

- Pran mezi kontou bra a epi peze timoun nan.
- Gade si li gen anflamasyon ki kite mak lè ou peze yo.
- Voye timoun nan nan sant sante tousuit (dapre rezulta mezi kontou bra a ak tès anflamasyon an).
- Vizite fanmi an pou suiv sitiyasyon an epi pou ou ede li avèk tretman an.

## Timoun ki an danje pou yo soufri malnitrison

Gen kèk timoun ki poko gen 2 zan ki pi an danje pou yo ta soufri malnitrison:

- Timoun nan fanmi ki malere anpil, paske pa gen ase manje
- Timoun ki piti depi yo fèt, paske yo pi frajil
- Timoun ki gen frè oubyen sè ki mouri youn dèyè lòt, paske sa vle di fanmi an ap viv nan move kondisyon
- Timoun ki pi jèn pamí anpil timoun, oubyen ki gen anpil frè ak sè ki prèske gen menm laj, paske yo ka pa jwenn ase manje oubyen atansyon yo bezwen
- Timoun ki gen lawoujòl, koklich, dyare, VIH, oubyen lòt maladi grav paske maladi sa yo ka fè timoun nan gen pwoblèm pou li manje
- Timoun ki sispann tete twò bonè (anvan yo gen 6 mwa) oubyen ki kòmanse manje lòt manje tou twò bonè (anvan yo gen 6 mwa), paske yo ka pa byen manje
- Marasa, paske manman an ka gen pwoblèm pou li ba yo tete oubyen pou li ba yo ase manje
- Timoun òfelen, paske yo ka pa jwenn ase atansyon oubyen ase manje; tibebe òfelen ka pa jwenn okenn fanm ki ka ba yo tete regilyè; elatriye.

Lè ou vizite yon fanmi premye fwa, epi pandan vizit regilyè yo, ou dwe gade sitiyasyon sa yo. Sitiyasyon sa yo vle di yon fanmi ka viktим. Si ou jwenn yon fanmi ki nan youn nan sitiyasyon sa yo, ou dwe bay fanmi sa a atansyon espesyal. Ou dwe idantifye timoun ki malnouri anpil epi voye yo nan sant sante tousuit. Ou dwe fè pwomosyon konpòtman pou bon sante tankou bay timoun nan tete sèlman epi prepare manje ki gen nitriman. Ou dwe ede fanmi sa yo pase nenpòt move pas yo jwenn lè y ap eseye suiv konpòtman sa yo.

Youn nan pati ki enpòtan nan travay ou kòm ajan kore fanmi se eseye idantifye ka timoun ki gen malnitrison epi aji. Gen kèk siy ak sentòm malnitrison nou ka wè fasil. Gen lòt siy ak sentòm malnitrison moun pa ka wè fasil oubyen moun pa ka wè ditou, oubyen ki pa klè. Se poutèt sa, sa enpòtan anpil pou nou peze timoun nan epi pou nou mezire li de tanzantan—mezi sa yo ka ede nou idantifye yon timoun ki malnouri menm si timoun nan pa gen okenn sentòm ou ka wè.

## Peze timoun epi tablo pou kontwòl devlopman timoun

Kouman pou w kwoke balans lan



1. Kenbe balans lan dwat dekwa pou flèch wouj la ka pwente anwo.
2. Kole kòchète metalik ki sou anlè a swa nan yon kòd solid ki mare nan yon pyebwa oubyen nan yon lòt sipò solid.

- 3.** Mete sak pou peze tibebe a nan kòchét metalik ki sou anba a.
- 4.** Vire bouton metalik ki anwo nan kwen dwat la jouk flèch la pwente sou “0.”
- 5.** Mande manman an oubyen moun k ap bay swen an pou li retire rad timoun nan, soulye li ak kouchét li.
- 6.** Lè ou mete tibebe a nan sak la, flèch la ta dwe vire nan sans yon egui mont vire. Pa kenbe ni tibebe a ni sak la, ni okenn lòt pati nan balans lan. Sa ka chanje pwa a epi l ap fè rezulta a pa kòrèk.
- 7.** Li pwa a selon kantite ki pi pre yon 100 g epi make li.
- 8.** Lè ou retire timoun nan nan sak la, flèch la ta dwe retounen sou “0.”
- 9.** Kilo (kg) yo nan sèk ki sou deyò a epi yo an wouj.
- 10.** Liv (lb) yo nan sèk sou anndan an epi yo an nwa.
- 11.** Balans lan ka kenbe yon pwa 25 kg oubyen 55 lb.

*Sonje: Fas balans lan ta dwe nan nivo zye ou pou ou ka li pi fasil.*



### **Devlopman timoun nan**

- Make laj timoun nan. Apre sa gade timoun nan oubyen mande manman an oubyen responsab timoun lan swen pou suiv siy devlopman nòmal.
- Tibebe 0–6 mwa—ka souri, kenbe tèt li anlè, woule, chita dwat avèk èd yon moun; kòmanse rale; premye dan tibebe a kòmanse pouse.
- Tibebe 6–12 mwa—ka chita dwat san èd, li ka kanpe avèk èd yon moun, li ka kanpe pou kont li, li ka kòmanse mache; dan tibebe a ap pouse; sou 12 mwa li ta dwe gen 6 dan.

### **Manje timoun nan**

- Mande manman an oubyen responsab Timoun lan: Ki sa timoun nan te manje yè?
- Tibebe a ta dwe pran tete sèlman ant 0 ak 6 mwa.
- Timoun 6–24 mwa ta dwe manje manje solid, kòmanse avèk manje mou epi kontinye ak 3 kalite manje yo.

### **Sante timoun yo**

- Gade si timoun nan pa gen siy maladi (gratèl, enfeksyon nan zòrèy oubyen nan zye, elatriye).
- Mande manman an: èske timoun nan te malad apre dènye fwa li te peze la ? Si li te malad, konbyen tan li te fè malad? Ki sa w te fè?
- Fè manman an sonje, lè tibebe a malad li dwe kontinye ba li tete epi li dwe ba li manje ki gen nitriman pou ede li lite kont maladi a.
- Si timoun nan gen dyare oubyen te gen dyare, pale manman an oubyen responsab timoun lan de seròm oral epi esplike l kouman pou li prepare l.
- Si yon timoun malad ap tous, gen lafyèv, ap poupou san oubyen gen pwoblèm pou li respire, di manman an oubyen responsab timoun lan pou yo mennen li nan sant tousuit.

**Kouman pou nou anpeche maladi antre sou timoun**

- Gade kat vaksinasyon timoun nan epi fè manman an oubyen moun k ap bay swen an sonje pou li fè timoun nan vaksinen selon kalandriye vaksinasyon an.
- Mande manman an oubyen moun k ap bay swen an: Èske timoun nan te dòmi anba yon moustikè yè swa?
- Mande manman an oubyen moun k ap bay swen an: Èske ou te bay timoun nan vitamin A selon laj li?
- Mande manman an oubyen moun k ap bay swen an: Èske ou te bay timoun nan remèd vè?

## Mezire longè timoun ak wotè yo

### Mezire longè (timoun ki poko gen 2 zan)<sup>13</sup>



1. Mete katon kote timoun nan kouche pou mezire wotè li yon kote ki plat, ki solid tankou sou yon tab.
2. Mande manman an oubyen responsab timoun lan pou li retire soulye timoun nan, chosèt li ak tou sa ki nan cheve li.
3. Kouvri katon pou mezire wotè a avèk yon twal fen oubyen yon papye swa pou ijjèn epi pou timoun nan ka santi li alèz.
4. Kanpe bò katon pou mezire longè a, yon kote ou ka wè mèt riban an epi ou ka deplase pye katon an.
5. Mande manman an oubyen moun ki responsab timoun lan pou li kanpe dèyè tèt katon an.
6. Mande li pou li depoze timoun nan sou do epi pou tèt li poze sou tèt katon an dekwa pou cheve li kouche plat sou katon an.
7. Ranje tèt timoun nan dekwa pou zye li gade dwat anlè.
8. Mande manman an oubyen moun ki responsab timoun lan pou li kenbe tèt timoun nan pou li ka pa deplase.

<sup>13</sup> WHO, *Training Course on Child Growth and Assessment Module B: Measuring a Child's Growth* (Geneva: World Health Organization, 2008), 19–23 (hereafter cited as *Training Course on Child Growth and Assessment Module B*).

- 9.** Veye pou timoun nan lonje tou dwat li yo epi pou li pa chanje pozisyon. Zepòl timoun nan ta dwe touche katon an, epi rèl do li ta dwe kole sou katon an. Mande manman an pou li veye epi pou li di ou si timoun nan koube do li oubyen si li chanje pozisyon.
- 10.** Kenbe janm timoun nan an plas avèk yon men (ou va deplase pye katon an avèk lòt men an). Pou ou kenbe janm timoun nan an plas, pouse jenou li tou dousman jouk nan bout san ou pa fè li mal pou janm li ka rete dwat. Ou pa ka fè jenou tibebe ki fèk fèt rete dwat menm jan ak timoun ki pi gran. Janm yo frajil epi ou ka fè yo mal fasil. Donk pouse li tou dousman. Si timoun nan boulvèse oubyen si ou pa ka kenbe toulede janm yo an plas, pran mezi a depi youn nan janm li nan bon pozisyon an.
- 11.** Pandan ou kenbe jenou timoun nan avèk yon men, rale pye katon an kole nan pye timoun nan avèk lòt men an. Pla pye timoun nan ta dwe kole plat sou pye katon an epi zòtèy li ta dwe pwente anwo. Si timoun nan koube zòtèy li epi li anpeche pye katon an touche pla pye li, fè yon ti grate anba pla pye li epi kouri mete pye katon an kou li tire zòtèy li.
- 12.** Li mezi a epi make longè timoun nan rive sou dènye 0.1 santimèt la.

## Mezi wotè timoun (timoun 2 zan ak sa ki pi gran)<sup>14</sup>



1. Mete twaz la kanpe dwat nan yon ang dwa pa rapò ak sòl la epi kole li pou ou fè li kanpe dwat tankou yon mi oswa yon poto.
2. Mande manman an oubyen moun ki responsab timoun lan pou li retire soulye timoun nan, chosèt li ak tou sa ki dekore cheve li.
3. Mete ou jenou oubyen chita sou yon chez pou ou ka fè wotè timoun nan.
4. Ede timoun nan kanpe sou baz katon an ak pye li louvri. Dèyè tèt timoun nan, omoplat li, dèyè li ak talon li ta dwe touche katon an.
5. Mande manman an oubyen moun k ap bay swen an pou li kenbe jenou timoun nan ak je pye li pou li ede janm li rete dwat, pou pye li rete plat pandan talon li, jarèt li touche katon an. Mande li konsantre atansyon li sou timoun nan, pou konsole li si sa nesesè epi pou fè ou konnen si timoun nan deplase.
6. Ranje tèt timoun nan dekwa pou je li ap gade dwat devan.
7. Si do timoun nan koube, pouse vant li tou dousman pou ede li kanpe dwat.
8. Pandan ou kenbe tèt timoun nan an plas, sèvi ak lòt men an pou rale tèt katon an desann pou li byen chita sou tèt timoun nan dekwa pou cheve li ka kole plat ladan li.
9. Li mezi a epi make wotè timoun nan an santimèt sou dènye 0.1 santimèt la.

14 Training Course on Child Growth and Assessment Module B, 19-23.

## Mezi kontou bra

Anplis mezi longè ak wotè timoun yo, lòt mwayen enpòtan pou ou gade malnitrisyon lakay timoun ki poko gen 5 an se mezire kontou bra timoun nan. Yo rele mezi sa a Mezi kontou bra. Yo sèvi ak mezi kontou bra pou timoun ki gen ant 6 mwa ak 5 an oubyen sa ki mezire ant 65 ak 110 cm wotè. Nan ka sa yo, mezi kontou bra se youn nan mezi ki pi egzat pou yo gade malnitrisyon, si yo fè sa kòrèkteman. Ou ta dwe pran mezi kontou bra chak mwa pandan vizit nan kay oubyen nan pòs ransambleman an pou tout timoun ki poko gen 5 an.

Lè timoun malnouri, pati siperyè ponyè li vinn piti. Nou sèvi ak mezi kontou bra pou nou mezire kontou pati siperyè bra timoun nan, oubyen gwosè li. Si mezi a montre pati siperyè bra timoun nan piti, nou konnen nou bezwen voye timoun nan nan sant sante pou yo ede li. Pou nou pran mezi kontou bra kòrèkteman, ou dwe mezire mitan pati bra goch timoun nan ki ant zepòl li ak koud li.

### Etap pou mezi kontou bra<sup>15</sup>



1. Mande manman an oubyen responsab timoun an dekouvri bra goch timoun nan.

<sup>15</sup> Cogill, Bruce, *Anthropometric Indicators Measurement Guide; Section 5: Taking Measurements* (Washington, DC: Food and Nutrition Technical Assistance Project, 2003), 34-35.



- 2.** Fè timoun nan koube ponyèt li dekwa pou li fome yon ang dwat. Chèche bouch fenèt mèt pou mezi kontou bra a.



- 3.** Mete fenèt mèt la sou zepòl goch timoun nan pandan pati ki an koulè a ap sou bò zepòl timoun nan.




4. Mezire distans ant fenèt mèt la ak zepòl timoun nan.




5. Chèche pati ki mwatye ant zepòl la avèk koud la. Se nan pozisyon sa a ou va pran mezi kontou bra a.



6. Mete mèt pou mezire kontou bra a alantou ponyèt timoun nan, nan distans ki nan mwatye ant zepòl timoun nan avèk koud li.



7. Foure pati fen mèt la nan fenèt mèt la.
8. Rale mèt pou mezire kontou bra a jouk li chita alantou bra timoun nan byen fèm san li pa ni twò sere ni twò lach. Mezi an koulè oubyen santimèt ou wè nan fenèt la se mezi kontou bra a, li fè nou konnen nan ki kondisyon timoun nan ye.



**9. Wouj (5.5-11 santimèt)** = Yo dwe voye timoun nan nan sant sante tousuit.

**Jòn (11-12.5 santimèt)** = Yo dwe kontwole nitrisyon timoun nan epi yo dwe bay fanmi an fòmasyon sou jan pou yo bay timoun nan manje.

**Vè (12.5 santimèt oubyen plis)** = Timoun nan an sante. Yo ta dwe fè fanmi an konpliman epi yo ta dwe ankouraje li pou li kontinye bay timoun nan manje byen.

**10.** Ekri mezi ou pran yo nan fòmilè ki la pou sa a.

## Anflamasyon

**Anflamasyon** se yon maladi ki kite mak sou pye timoun nan, epi ki fè pati anba janm li, men li, zye li, epi pafwa tout kò li anfle. Gen plizyè bagay ki lakòz anflamasyon, men si toulede pye yon timoun genyen li, an jeneral se malnitrisyon ki lakòz sa, sitou mank pwoteyin. An jeneral timoun ki gen Kwachòkò oubyen Maras ak kwachòkò konn soufri anflamasyon.

Lè ou peze yon pati nan janm nan ki anfle akòz anflamasyon an, anpil fwa mak dwèt ou konn rete. Lè kon sa yo di anflamasyon an kite mak lè ou peze li.

Si yon timoun pa santi doulè lè yo touche pati nan janm nan ki anfle, an jeneral se yon siy ki montre se malnitrisyon ki lakòz anflamasyon an. Si timoun nan santi doulè, gendwa se yon lòt bagay ki lakòz sa. Yo ta dwe voye timoun nan nan sant sante.

### Kouman pou nou tcheke anflamasyon



1. Peze de dwèt pou byen fè sou do pye timoun pye nan.
2. Kite presyon an pandan 3 segonn.
3. Retire dwèt ou.
4. Si ou wè do pye timoun nan oubyen tibya li a gen yon mak kote dwèt pouss ou te ye a, timoun nan gen anflamasyon akòz pwoblèm.

5. Si anflamasyon an nan toude pye, refè menm bagay la pou tibya timoun nan, men li, ak figi li.

## Divès nivo anflamasyon<sup>16</sup>

- Anflamasyon 1 (+): anflamasyon nan toulede pye
- Anflamasyon 2 (++): anflamasyon nan toulede pye ak nan toude legs
- Anflamasyon 3 (+++): anflamasyon nan toulede pye, toulede janm, ak toulede men oubyen figi.

## Ki sa pou nou fè pou anflamasyon

1. Pou yon timoun ki gen anflamasyon 1, 2, oubyen 3, ranpli yon fòmilè referans epi voye timoun nan nan yon sant sante tousuit.
2. Si timoun nan gen anflamasyon nan yon pye oubyen yon janm sèlman, avèti fanmi an timoun nan ka fè malnitrisyon ki pokò grav. Esplike fanmi an ki danje ki genyen nan malnitrisyon ki grav epi esplike yo timoun nan bezwen plis manje ki bati kò tankou ze, poul, vyann, lèt, pwason, oubyen pwa. Ou dwe tcheke mezi kontou bra timoun nan tou epi aji selon sa rezulta mezi kontou bra yo bay.
3. Ou va di fanmi a tou ou va vizite yo nan kèk jou pou ou tcheke sante timoun nan. Esplike yo si timoun nan vin malad, fanmi an ta dwe mennen timoun nan nan sant sante tousuit.
4. Make enfòmasyon sou anflamasyon an nan fòmilè ki la pou sa.

---

16 Nutrition in Emergencies, 9.



## SEYANS PEZE TIMOUN CHAK MWA

- Anvan lè a rive, fè manm kominote yo konnen kote w ap fè pwochen seyans pou pran pèz la.
- Chwazi yon kote ki fasil pou kwoke yon balans epi ki fasil pou fanmi yo ale la.
- Rive pou pi piti 30 minit anvan lè.
- Kwoke balans lan.
- Sonje mete balans lan sou zewo.
- Prepare fòmilè ki nesesè yo.
- Salye moun yo lè yo rive.
- Mande premye paran oubyen moun responsab timoun nan pou li avanse ak timoun ki pokon gen 5 an.
- Mande paran an oubyen responsab timoun lan pou li ba ou kat chemen lasante oubyen kat vaksinasyon timoun nan.
- Mande paran an oubyen responsab timoun lan pou li retire rad timoun nan ak soulye li.
- Gade timoun nan pou ou wè si li montre siy jeneral malnitrisyon (gade figi timoun nan, cheve li, kò li, elatriye.).
- Peze timoun nan.
- Make laj timoun nan ak pwa li nan tablo chemen pou lasante a ak nenpòt lòt fòmilè ki la pou sa.
- Gade pou ou wè si pwa timoun nan nan seksyon jòn nan, seksyon vè a oubyen seksyon wouj la.
- Pran mezi kontou bra timoun nan
- Make mezi kontou bra a nan fòmilè ki la pou sa.
- Gade pou ou we si gen anflamasyon.



## SEYANS POU PEZE TIMOUN NAN

Swit

- Si timoun nan gen pwoblèm malnitrisyon ki pa twò grav oubyen ki grav yon fòmilè referans epi di moun k ap bay timoun nan swen an pou li mennen timoun nan nan sant sante tousuit. Tcheke avèk fanmi an nan kèk jou pou suiv sitiyasyon an epi fè demann pou pwogram èd pou manje si sa nesesè.
- Si timoun byen manje fè paran an oubyen responsab timoun nan konpliman epi ankouraje li pou li kontinye veye sou manje timoun nan.
- Fè paran oubyen responsab timoun nan sonje pou li mennen timoun nan nan pwochen seyans pèz ki fèt chak mwa a.
- Gade si gen fanmi timoun ki pokonbo gen 5 an nan zòn w ap sèvi a ki pa te vini epi al vizite yo apre sa pou gade yo.

## Nourimanba ak Nourimil

Lè yo jwenn yon timoun ki malnouri, sant sante a va deside ki tretman ki pi bon pou timoun nan. Souvan, nan tretman sa a, yo tou bay fanmi an Nourimanba oubyen Nourimil pou nouri timoun nan.

Premye travay ou se voye timoun ki malnouri yo nan sant sante pou yo ka enskri yo nan pwogram kòrèk la pou tretman. Apre sa ou dwe kom Ajant Kore Fanmi yo nan ede yo aprann sèvi ak Nourimanba oubyen Nourimil kòrèkteman, epi reponn nenpòt kesyon yo genyen sou sa doktè a di yo fè.

Ou dwe sèvi kòm koneksyon tou ant sant sante a ak fanmi yo pou ou ka sèten yo bay timoun ki malnouri yo Nourimanba oubyen Nourimil kòrèkteman chak semèn. W ap veye pou fanmi yo resevwa Nourimanba oubyen Nourimil chak semèn nan sant sante yo. Si yo bay timoun yo Nourimanba oubyen Nourimil la kòrèkteman, timoun yo ta dwe reprann yo nan 4 a 6 semèn.

Ou jwe yon wòl enpòtan nan efò pou nou ede timoun malnouri retounen anfòm.  
Ou dwe:

- Vizite fanmi 1 semèn apre ou te bay referans lan pou ou ka sèten manman an oubyen responsab timoun nan te mennen timoun nan sant sante epi pou ou ka wè ki tretman yo te preskri pou timoun nan. Si yo te preskri timoun nan Nourimanba oubyen Nourimil, gade pou ou wè si manman an itilize li kòrèkteman epi si li suiv sa yo te di li fè nan sant sante a.
- Chak semèn, pase nan sant sante a pou ou ka sèten manman an te al chèche Nourimanba oubyen Nourimil li bezwen pou semèn nan.
- 1 mwa apre premye vizit la, vizite manman an oubyen responsab timoun lan pou w gade sitiyasyon an epi pou w reponn nenpòt kesyon oubyen tèt chaje li genyen, epi ankouraje li kontinye tretman timoun nan jouk li fini.



Nourimil se pou timoun ki malnouri men ki pa twò grav. Li ede lite kont malnitrisyon ki pa twò grav epi li anpeche timoun nan soufri malnitrisyon ki grav. Se sèl timoun ki malnouri a ki dwe pran li.




Lave men ou ak men timoun nan ak figi li avèk dlo pwòp ak savon anvan ou ba li Nourimil la.

Konsève Nourimil la tankou nenpòt lòt farin, nan yon vesò ki byen fèmen epi ki sèch.



Melanje Nourimil la avèk dlo pwòp oubyen yon lèt pwòp epi kuit li tankou nenpòt lòt labouyi. Ou ka ajoute legim, vyann, lèt, epis, oubyen luil ki sou men si ou pap fèl tankou labouyi.

Prepare kantite Nourimil yon timoun ka manje nan yon repa.



Nourimanba se yon manje e se yon medikaman. Nourimanba se pou timoun malnouri anpil. Li pa dwe pataje ak okenn lòt moun.



Lave men ou ak men timoun nan avèk dlo pwòp ak savon anvan ou ba li Nourimanba.


Kenbe Nourimanba ak tout lòt manje pwòp epi kouvri yo pou mouch pa poze sou yo.



Pafwa timoun malnouri pa renmen manje. Ankouraje timoun yo manje epi bay timoun piti yo plizyè pòsyon Nourimanba (jiska 8 fwa pa jou).

Nourimanba se sèl manje timoun nan bezwen pandan tretman an (anwetan lèt manman si timoun nan nan tête).

## Nitrisyon



Pa melanje Nourimanba avèk dlo oubyen lòt likid anvan ou bay timoun nan li.



Kontinye bay timoun ki piti yo (rive sou 2 zan) tete lè yo ap resevwa tretman ak Nourimanba. Yo ta dwe tete an premye epi yo ta dwe pran Nourimanba anvan yo pran lòt manje.



Bay timoun nan lèt oubyen dlo trete apre li fin pran kèk kiyè Nourimanba. Sa ap fè li pi fasil pou timoun nan manje plis.



Si timoun nan gen dyare, pa sispann bay timoun nan Nourimanba. Apre ou fin bay yon timoun ki gen dyare Nourimanba, bay timoun nan plis dlo trete pase sa ou abitye ba li. Si timoun nan grangou toujou apre ou fin ba li Nourimanba, ou ka bay timoun nan lòt manje.

Si timoun nan nan tete, ba li tete plis menm si li gen dyare.



Timoun malad frèt fasil. Kouvri timoun nan pou li ka rete cho.

## Fòme fanmi yo sou malnitrisyon ak nitrisyon



### LIS BON FASON POU PALE AK MOUN

- Moutre moun nan nou gen respè pou li.
- Esplike bagay yo klè epi san prese.
- Poze kesyon pou nou asire nou moun yo konprann.
- Poze kesyon diskisyon, ankouraje dyalòg.
- Aprann konnen reyalite moun yo ap viv ak pwoblèm yo rankontre.
- Fè moun yo pale de esperyans yo, fè yo bay opinyon yo pou nou bati sou yo.
- Koute sa moun yo ap di nou avèk atansyon, moutre nou konprann.
- Gade fason moun yo ap pale ak ki jès y ap fè ak kò yo pou nou wè si nou byen fè yo konprann nou.
- Nou dwe gen bon konesans tenik sou fason pou moun manje, sou vaksinasyon, sante manman, eksetera.
- Mezire sa nou ap di sou sitiyasyon moun nan ak sou reyalite li ap viv.
- Pa reprimande, pa fè espoze, ni pa di moun sa pou yo fè.
- Aji kòm yon resous, pa kòm yon chèf.
- Moutre nou gen respè pou fason lòt moun fonksyone.
- Se pou nou onèt konsènan sa nou ka fè ak sa nou pa ka fè.



## LIS SOU FASON POU OU MOUTRE RESPÈ

- Kreye okazyon pou nou rive konnen chak manm fanmi yo, pou yo rive konnen nou tou. Aprann non tout manm fanmi yo; toujou rele moun yo nan non yo.
- Gade moun yo dirèkteman lè nou ap pale avèk yo.
- Pale ak moun yo a de (pa nan gwo gwoup sèlman).
- Ankouraje moun yo pataje lide yo ak opinyon yo.
- Koute lide moun yo epi ba yo chans pou yo dekouvri pwòp kondisyon lavi yo.
- Poze kesyon diskisyon pou nou ka conn sitiyasyon ak reyalite chak manm fanmi pi byen.
- Pèmèt moun yo poze kesyon epi ba yo pi bon repons konesans nou pèmèt nou. Si nou pa conn repons yon kesyon, di nou pa connen men nou pral chèche repons lan.
- Poze kesyon diskisyon pou nou connen sa moun yo connen déjà sou sa nou ap pale a.
- Sèvi ak bon konpreyansyon nou pou nou ajoute nouvo enfòmasyon sou sa moun yo connen déjà pou nou ankouraje yo aprann nouvo enfòmasyon sou sa nou ap pale a.
- Kore konesans moun yo genyen epi rekonèt lè yo gen bon konpòtman ki mache ak lasante.
- Aprann connen sitiyasyon chak fanmi ap viv epi aprann connen pwoblèm sitiyasyon sa yo.



## TEKNIK POU KOUTE

### 1. Koute san reponn

Moun k ap koute a ap moutre li enterese san pale; l ap gade moun k ap pale a nan nan je, l ap fè jès ak tèt li epi l ap bay ti repons kout tankou “enhen,” “wi,” “hmm” pou ankouraje moun k ap pale a kontinye pale.

Teknik sa a ankouraje moun k ap pale a pou li lib pou l pale epi pou li di sa ki nan lespri l.

### 2. Poze kesyon pou w pi klè

Moun k ap koute a poze moun k ap pale a kesyon espesyal pou l ka pi klè.

Teknik sa a pèmèt moun k ap tandé a jwenn plis enfòmasyon sou sitiyasyon an, pou l ka konprann moun k ap pale a byen. Li pèmèt moun k ap pale a abòde tout aspè sitiyasyon an oubyen tout aspè kesyon k ap debat la nan reponn kesyon ki gen rapò ak sijè a. Teknik sa a ka pèmèt moun k ap pale a ak tout moun k ap koute a evalye chwa ki genyen ak solisyon ki posib.

### 3. Re di menm lide a ak lòt mo

Moun k ap tandé a re pran sa ki di a ak pwòp mo pa l, sa li konprann moun k ap pale a di a.

Teknik sa a pèmèt moun k ap tandé a asire l li konprann sa moun k ap pale a di. Li pèmèt moun k ap pale a esplike sa moun k ap tandé a pa t konprann nan pi byen, paske li tandé k ap koute a repete lide yo o rezime.



## KONDISYON TRAVAY KONSEYE

**Sekrè:** De pati yo mete yo dakò pou pa pataje enfòmasyon ki diskite yo ak kominote a.

**San patipri:** Konseye a pa ta dwe kite prensip moral pèsonèl li oubyen kwayans li parèt, ni li pa ta dwe jije konpòtman lòt moun oubyen opinyon yo.

**Konpasyon:** Konseye a ta dwe eseye konprann opinyon moun nan jan l ye a san l pa eseye rantre nan pitye pou moun nan oubyen pran lapenn pou li.

**Onèt:** Konseye a ta dwe toujou di laverite epi li ta dwe bay tout enfòmasyon.

**Respè chwa moun nan:** Konseye a pa ta dwe renk bay konsèy oubyen fè chwa pou moun nan; li ta dwe fè moun nan devlope kapasite pou l fè bon chwa a li menm.



## ETAP CHANJMAN

- 1. Moman inyorans** – Moun nan pa menm konn konpòtman an.
- 2. Konnen** – Moun nan konn konpòtman an men li pokò mete l an pratik; li ka gen sa nan lide l.
- 3. Preparasyon** – Moun nan konn konpòtman an epi li vle mete l an pratik; li ka ap pran desizyon, l ap planifye jan l ap fè l, l ap mete sa li bezwen pre pou l kòmanse mete l an pratik.
- 4. Aksyon** – Moun nan kòmanse mete konpòtman an an pratik.
- 5. Suivi** – Moun nan kontinye mete konpòtman an an pratik byen lontan apre sa a.



## ETAP NEGOSYASYON SOU CHANJMAN KONPÒTMAN YO

- 1. Poze** moun nan **kesyon** sou konpòtman nou te rekòmande l nan vizit adomisilyè anvan an epi koute sa li ap di nou an.
- 2. Reflechi sou** si moun nan gen bon konpòtaman an oubyen si li pa gen bon konpòtman an. Si li gen bon konpòtman an, felisite l epi ankouraje l kontinye.
- 3. Si li pa** gen bon konpòtman an, **dyaloge** avèk li sou sa ki anpeche li gen konpòtman sa a; epi kontinye dyaloge avèk moun nan, pou nou rive fè yon **antant** avè l sou konpòtman li ta vle eseye pou kòmanse. (konpòtman pou kòmanse a dwe mache ak prensip MSPP yo.)
- 4. Fè manman** an **sonje** sou ki konpòtman pou kòmanse li menm avèk nou te antann nou.
- 5. Di** manman an n ap retounen yon lè ki bon pou li pou nou wè kòman li ap avanse, epi fikse yon jou ak yon lè avè l si se bon.



## LÈD MEMWA POU NITRISYON

- Gade siy malnitrison nan fanmi an, avèk anpil atansyon pou timoun ki pokon gen 5 an, fanm ansent oubyen fanm k ap bay tete, ki gen VIH/SIDA oubyen lòt maladi grav epi lòt moun ki ka viktim fasil (ðfelen, eks.).
- Gade timoun nan pou w wè si li pa fè malnitrison avèk mezi kontou bra a, ak pèz ak mezi chak mwa, epi ak tès pou w wè si anflamasyon an kite yon mak lè ou peze li. Voye timoun ki gen malnitrison nan sant sante tou suit.
- Pale fanmi an de kòz malnitrison, de tretman, ak jan pou yo anpeche li.
- Pale fanmi yo de 3 kalite manje, de enpòtans manje ki byen balanse, ak kantite kòrèk chak kalite manje pou tibebe, timoun piti, ak fanm ansent.
- Pale famm ansent de fè ak gress yòd, jan sa enpòtan pou yo manje manje ki soti nan 3 kalite manje yo, ak jan sa enpòtan pou yo manje plis pase sa yo abitye manje pandan gwo sès la epi lè yap bay timoun nan tete.
- Pale famm ansent ak fanm ki ap bay tete jan sa enpòtan pou tibebe ki gen ant 0 ak 6 mwa pran tete sèlman epi pou yo kontinye bay timoun nan tete jouk li gen 2 zan oubyen lè li pi gran pase sa.
- Ede fanm yo aprann bay tete kòrèkteman epi pou yo chèche fanmi oubyen manm nan kominate a pou ede yo lè yo gen pwoblèm.
- Montre manman yo ak moun k ap bay swen yo kouman pou yo bay timoun ki gen ant 6 ak 24 mwa manje, tankou kantite repa, valè manje pou yo manje, epesè manje a, kalite manje a, epi jan pou yo fè atansyon lè y ap bay timoun nan manje.
- Fè seyans peze chak mwa nan pòs rasanbleman pou tout timoun ki pokon gen 5 an nan zòn ki sou kont ou a.
- Ranpli kat chemen lasante yo chak mwa pou tout timoun ki pokon gen 5 an nan zòn ki sou kont ou a.



## LÈD MEMWA POU NITRISYON

Swit

- Gade avèk fanmi timoun ki poko gen 5 an yo pou w wè ki lès ki pa patisipe nan seyans pèz chak mwa yo.
- Gade avèk fanmi yo chak semèn apre yo te voye yo nan sant sante.
- Fè mwayen posib ou pou fanm ansent ak fanm ki nan laj pou fè pitit yo resevwa grenn yòd oubyen mikwonitriman an poud.
- Fè mwayen posib ou pou timoun malnouri yo resevwa mikwonitriman an poud epi montre paran oubyen moun k ap bay swen an kouman pou li itilize mikwonitriman an poud la.
- Fè mwayen posib ou pou timoun ki malnouri resevwa Nourimil oubyen Nourimanba, selon bezwen yo, epi montre paran an oubyen moun k ap bay swen an kouman pou yo bay timoun nan Nourimil oubyen Nourimanba.
- Gade avèk fanmi timoun ki malnouri anpil yo pou ou ka sèten yo enskri nan pwogram pou èd manje a epi pou yo ka jwenn yon kantite Nourimanba oubyen Nourimil chak semèn.

## Objektif lavi yo

Objektif Lavi		Aksyon
Fanmi yo		
<b>1</b>	Fanmi an gen ase mwayen pou yo fè kòb oswa revni.	<ul style="list-style-type: none"> <li>• Pwomosyon</li> </ul>
<b>2</b>	Fanmi an gen ase manje pou manje epi li pa ap manke manje.	<ul style="list-style-type: none"> <li>• Pwomosyon</li> <li>• Distribisyon resous</li> <li>• Referans</li> </ul>
<b>3</b>	Fanmi an ap viv nan kay ki bon pou yo.	<ul style="list-style-type: none"> <li>• Pwomosyon</li> <li>• Distribisyon resous</li> <li>• Referans</li> </ul>
<b>4</b>	Fanmi an gen dokiman idantifikasiyon (kat ID pou gramoun, batistè pou timoun).	<ul style="list-style-type: none"> <li>• Pwomosyon</li> <li>• Distribisyon resous</li> <li>• Referans</li> </ul>
<b>5</b>	Fanmi an pa fè eksperyans vyalans domestik.	<ul style="list-style-type: none"> <li>• Pwomosyon</li> <li>• Referans</li> </ul>
<b>6</b>	Fanmi an pa abandone okenn timoun, oswa timoun ki te abandone deja tounen nan fanmi an.	<ul style="list-style-type: none"> <li>• Pwomosyon</li> <li>• Referans</li> </ul>
<b>7</b>	Manm fanmi an ki gen andikap yo te dekouvrir ak sipòte pou asire yo kapab viv nan fason pibyen posib.	<ul style="list-style-type: none"> <li>• Pwomosyon</li> <li>• Referans</li> </ul>
<b>8</b>	Fanmi an gen bon pratik ijyèn pou pwòp tèt yo ak pou anviwònman yo.	<ul style="list-style-type: none"> <li>• Pwomosyon</li> <li>• Distribisyon resous</li> <li>• Referans</li> </ul>
<b>9</b>	Fanmi an sèvi ak dlo potab.	<ul style="list-style-type: none"> <li>• Pwomosyon</li> <li>• Distribisyon resous</li> <li>• Referans</li> </ul>
<b>10</b>	Fanmi an sèvi ak yon latrin.	<ul style="list-style-type: none"> <li>• Pwomosyon</li> <li>• Distribisyon resous</li> <li>• Referans</li> </ul>
<b>11</b>	Fanmi an jete fatra yon fason ki bon.	<ul style="list-style-type: none"> <li>• Pwomosyon</li> </ul>
<b>12</b>	Lafimen fè manje pa aji sou kay la.	<ul style="list-style-type: none"> <li>• Pwomosyon</li> <li>• Referans</li> </ul>

Objektif Lavi		Aksyon
<b>13</b>	Fanmi an konnen epi li sèvi ak metòd planin si sa bon pou yo.	<ul style="list-style-type: none"> <li>• Pwomosyon</li> <li>• Distribisyon resous</li> <li>• Referans</li> </ul>
<b>14</b>	Fanmi an konnen ki jan maladi kapab simaye ak fason pou anpeche moun pa pran maladi moun pran nan fè bagay.	<ul style="list-style-type: none"> <li>• Pwomosyon</li> <li>• Distribisyon resous</li> <li>• Referans</li> </ul>
<b>15</b>	Manm fanmi ki gen maladi kwonik ap resevwa epi suiv tretman.	<ul style="list-style-type: none"> <li>• Pwomosyon</li> <li>• Referans</li> </ul>
<b>Fanm yo</b>		
<b>16</b>	Fanm ansent nan fanmi an jwenn ase manje ki gen nanm.	<ul style="list-style-type: none"> <li>• Pwomosyon</li> <li>• Referans</li> </ul>
<b>17</b>	Fanm ansent nan fanmi an suiv omwen 4 sèvis swen gwo sèvis.	<ul style="list-style-type: none"> <li>• Pwomosyon</li> <li>• Referans</li> </ul>
<b>18</b>	Fanm ansent nan fanmi yo dòmi anba moustikè.	<ul style="list-style-type: none"> <li>• Pwomosyon</li> <li>• Referans</li> </ul>
<b>19</b>	Fanm ansent yo gen bon plan pou gwo sèvis ak akouchman.	<ul style="list-style-type: none"> <li>• Pwomosyon</li> <li>• Referans</li> </ul>
<b>20</b>	Fanm ansent akouche nan yon kote ki an sekirite.	<ul style="list-style-type: none"> <li>• Pwomosyon</li> <li>• Referans</li> </ul>
<b>Timoun yo</b>		
<b>21</b>	Ti Bebe yo nan tete sèlman pandan premye 6 mwa yo.	<ul style="list-style-type: none"> <li>• Pwomosyon</li> </ul>
<b>22</b>	Ti Bebe ki poko gen laj 5 an gen bon eta nitrisyon.	<ul style="list-style-type: none"> <li>• Pwomosyon</li> <li>• Sevis dirèk</li> <li>• Referans</li> </ul>
<b>23</b>	Ti Bebe yo gentan resevwa tout vaksen ki dwe pou laj 1 an.	<ul style="list-style-type: none"> <li>• Pwomosyon</li> <li>• Sevis dirèk</li> </ul>
<b>24</b>	Timoun yo ap resevwa swen bon kalite e alè.	<ul style="list-style-type: none"> <li>• Pwomosyon</li> <li>• Referans</li> </ul>
<b>25</b>	Timoun yo ap resevwa eksitasyon timoun piti byen bonè.	<ul style="list-style-type: none"> <li>• Pwomosyon</li> </ul>
<b>26</b>	Timoun ki poko gen 5 an dòmi anba moustikè.	<ul style="list-style-type: none"> <li>• Pwomosyon</li> <li>• Distribisyon resous</li> <li>• Referans</li> </ul>

	Objektif Lavi	Aksyon
27	Tout timoun ki gen laj lekòl nan fanmi an ale nan lekòl la.	<ul style="list-style-type: none"><li>• Pwomosyon</li><li>• Distribisyon resous</li><li>• Referans</li></ul>



## JWÈT WÒL SOU MALNITRISYON

### JWÈT WÒL 1

Yon Ajan Kore Fanmi vizite yon fanm ansent ki santi li fatige anpil epi ki fèb. Ajan Kore Fanmi an pale li de anemi ak ki jan pou li trete li nan manje manje ki gen anpil fè epi nan pran sipleman.

### JWÈT WÒL 2

Yon Ajan Kore Fanmi pale avèk yon gwoup fanm ansent sou jan sa enpòtan pou yo pran gress fè ak efè segondè sa ka genyen.

### JWÈT WÒL 3

Yon Ajan Kore Fanmi vizite yon manman ki gen 3 timoun piti (ki pokonha gen 5 an) epi li pale avèk li sou enpòtans vitamin A ak sa li ka fè pou li sèten timoun nan jwenn ase vitamin A.

### JWÈT WÒL 4

Yon Ajan Kore Fanmi vizite yon fanm ansent epi li esplike li jan sa enpòtan pou li pran ase vitamin A pandan gwo sès la, epi li esplike li ki manje ki gen anpil vitamin A.

### JWÈT WÒL 5

Yon Ajan Kore Fanmi pale avèk yon gwoup fanm sou gwat, sa li ye, sa ki lakòz li, pou ki sa li danjere, epi kouman pou yo evite trape li.

### JWÈT WÒL 6

Yon Ajan Kore Fanmi pale avèk yon gwoup fanm ansent sou mank yòd, kouman sa ka nui developman tibebe a pandan gwo sès la, epi kouman yo ka evite sa ak sipleman.



## KESYON SOU BAY TETE

### Gwoup 1

1. Sa sa vle di “bay tete sèlman”?
2. Pou ki sa fanm ta dwe bay tibebe yo tete sèlman pandan premye 6 mwa nan lavi tibebe a?
3. Konbyen fwa nan 1 jou (24 è) yon tibebe ki poko gen 6 mwa ta dwe pran tete?
4. Ki jan yon manman ka bay plis lèt pou pitit li tete?

### Gwoup 2

5. Lèt bêt oubyen lèt atifisyèl pou timoun? Èske bagay sa yo pa pi bon pou tibebe a pase lèt manman?
6. Pou ki sa kèk manman pa bay tibebe yo tete sèlman?
7. Ki sa w ka di oubyen ou ka fè pou w ankouraje manman yo bay tete sèlman?

### Gwoup 3

8. Ki 3 bagay yon manman bezwen konnen pou li ka bay pitit li tete san pwoblèm?
9. Pou chak nan 3 bagay sa yo, bay kèk konsèy ajan kore fanmi an ta dwe bay manman an pou li ka konnen l ap bay tete kòrèkteman.

### Gwoup 4

10. Ki sa w ka fè pou ou ede yon manman ki gen pwoblèm avèk tete li (tete a bouche, kanal lèt la bouche, oubyen mastit (tete yo enfekte))?
11. Ki sa w ka konseye yon manman si li di w li pa ka bay tete sèlman paske li dwe al travay nan jaden oubyen yon kote ki lwen kay li?
12. Ki etap pou li suiv pou li tire lèt tete a?



## KESYON SOU BAY TIMOUN 6-24 MWA MANJE

### Kesyon sou bay tibebe 6 mwa manje

1. Kisa yon tibebe 6 mwa bezwen pou li kòmanse manje lòt manje anplis lèt manman?
2. Ki prensip manman an ta dwe suiv lè lap bay timoun lòt manje?
3. Konbyen fwa yon tibebe 6 mwa ta dwe manje pandan yon jou?
4. Ki valè manje yon tibebe 6 mwa ta dwe manje pandan yon jou?
5. Ki epesè manje yon tibebe 6 mwa ta dwe genyen?
6. Ki kalite manje yon tibebe 6 mwa ta dwe manje?
7. Ki sa yon manman ta dwe fè pou li ankouraje tibebe li manje?
8. Ki sa yon manman ta dwe fè pou li toujou gen bon ijyèn?

### Kesyon sou bay tibebe 7 ak 8 mwa manje

1. Ki prensip manman an ta dwe suiv lè n ap bay timoun lòt manje?
2. Konbyen fwa yon tibebe 7 ak 8 mwa ta dwe manje pandan yon jou?
3. Ki valè manje yon tibebe 7 ak 8 mwa ta dwe manje pandan yon jou?
4. Ki epesè manje yon tibebe 7 ak 8 mwa ta dwe genyen?
5. Ki kalite manje yon tibebe 7 ak 8 mwa ta dwe manje?
6. Ki sa yon manman ta dwe fè pou li ankouraje tibebe li manje?
7. Ki sa yon manman ta dwe fè pou li toujou gen bon ijyèn?



## KESYON SOU BAY TIMOUN 6–24 MWA MANJE

Swit

### Kesyon sou bay tibebe 9–11 mwa manje

- 1.** Ki sa “bay manje ak atansyon” vle di?
- 2.** Ki prensip manman an ta dwe suiv lap bay timoun lòt manje manman an ta dwe suiv?
- 3.** Konbyen fwa yon tibebe 9–11 mwa ta dwe manje pandan yon jou?
- 4.** Ki valè manje yon tibebe 9–11 mwa ta dwe manje pandan yon jou?
- 5.** Ki epesè manje yon tibebe 9–11 mwa ta dwe genyen?
- 6.** Ki kalite manje yon tibebe 9–11 mwa ta dwe manje?
- 7.** Ki sa yon manman ta dwe fè pou li ankouraje tibebe li manje?
- 8.** Ki sa yon manman ta dwe fè pou li toujou gen bon ijyèn?

### Kesyon sou bay timoun 12–24 mwa manje


- 1.** Ki prensip manman an ta dwe suiv lap bay timoun lòt manje ?
- 2.** Konbyen fwa yon timoun 12–24 mwa ta dwe manje pandan yon jou?
- 3.** Ki valè manje yon tibebe 12–24 mwa ta dwe manje pandan yon jou?
- 4.** Ki epesè manje yon tibebe 12–24 mwa ta dwe genyen?
- 5.** Ki kalite manje yon tibebe 12–24 mwa ta dwe manje?
- 6.** Pou ki sa yon manman ta dwe bay ptit li tete jouk timoun nan gen 24 mwa oubyen plis?













## ISTWA SOU PWA TIBEBE AK TIMOUN

### Istwa 1: Mak

Non	Dat li fèt*	Laj	Pwa	Laj	Pwa	Laj	Pwa	Laj	Pwa
Mak		1 mwa	2 kg	2 mwa	4 kg	3 mwa	5.5 kg	4 mwa	6 kg

Make pwa a sou kat chemen sante a.

Apre sa imajine Mak se yon tibebe 4 mwa epi manman li di ou li kòmanse ba li labouyi. Ki konsèy ou ta dwe bay?

### Istwa 2: Kawòl

Non	Dat li fèt*	Laj	Pwa	Laj	Pwa	Laj	Pwa	Laj	Pwa
Kawòl		1 mwa	4 kg	6 mwa	7.5 kg	12 mwa	9 kg	24 mwa	10 kg

Make pwa a sou kat chemen sante a.

Apre sa imajine Kawòl (ki gen 24 mwa) montre siy malnitrisyon. Lè ou mande manman an, li di w Kawòl pa dòmi anba moustikè. Ki konsèy ou ta dwe bay?

### Istwa 3: Lwi

Non	Dat li fèt*	Laj	Pwa	Laj	Pwa	Laj	Pwa	Laj	Pwa
Lwi		1 lane	9 kg	2 zan	11 kg	3 zan	11 kg	4 zan	14 kg

Make pwa a sou kat chemen sante a.

Apre sa imajine manman Lwi di ou Lwi gen anpil vè epi li pa resevwa remèd vè depi li te gen 2 an. Ki konsèy ou ta dwe bay?

### Istwa 4: Sara

Non	Dat li fèt*	Laj	Pwa	Laj	Pwa	Laj	Pwa	Laj	Pwa
Sara		2 zan	9 kg	2 zan ak 6 mwa	10 kg	3yr	11 kg	3 zan ak 6 mwa	11 kg

Make pwa a sou kat chemen sante a.

Apre sa imajine: Sara parèt byen an sante men dapre kat vaksinasyon li a li pa janm pran vaksen kont lawoujòl. Ki konsèy ou ta dwe bay?

**Istwa 5: Jid**

Non	Dat li fèt*	Laj	Pwa	Laj	Pwa	Laj	Pwa	Laj	Pwa
Jid		1 jou	3 kg	4 mwa	3.4 kg	8 mwa	6 kg	12 mwa	8 kg

Make pwa a sou kat Chemen sante a.

Jid piti anpil pou laj li. Imagine li pa pran tout vaksen li sipoze pran epi li pa manje manje ki gen nitriman ki mache ak laj li. Ki konsèy ou ta dwe bay?

**Istwa 6: Kristin**

Non	Dat li fèt*	Laj	Pwa	Laj	Pwa	Laj	Pwa	Laj	Pwa
Kristin		3 zan	10 kg	3 zan ak 2 mwa	10 kg	3 zan ak 4 mwa	10 kg	3 zan ak 6 mwa	11 kg

Make pwa a sou kat Chemen sante a.

Kristin gen yon pwa nòmal men manman li di ou li gen dyare kounye a.

Ki konsèy ou ta dwe bay?



## PYÈS TEYAT SOU MALNITRISYON

### PYÈS TEYAT 1: Mari ak Jan

Yon Ajan Kore Fanmi ap vizite fanmi marasa Mari ak Jan depi yo fêt sa gen 2 zan. Depi premye ane a lè Mari ak Jan te sispann pran tete, travayè sante kominote a te remake yon tandans fiks nan tablo pwa timoun nan. Toulede marasa yo te peze 10 kg lè yo te gen 1 an, depi apre sa Jean kontinye pran plis pwa pase sè li a. Kounye a yo gen 2 zan, diferans lan gwo anpil, Jean peze 12 kg, sa se pwa timoun an sante alòske Marie peze 9 kg kòmkwa li nan limit malnitrisyon. Ajan Kore Fanmi an kwè fanmi an ap bay Jean plis manje pase Marie paske Jean se yon gason. Ajan Kore Fanmi an al pale ak manman an pou li mande li ki manje li bay timoun yo epi kouman li ba yo manje pou li ka ba li konsèy pou li bay Marie manje menm jan ak Jean.

### PYÈS TEYAT 2: Edi

Yon ajan kore fanmi vizite Edi ak grann li premye fwa. Grann Edi okipe li paske toulede paran Edi mouri. Edi gen 4 an men li peze 10 kg sèlman. Lè ajan kore fanmi an kò Edi pou anflamasyon, pou li kite mak sou je pye li. Ajan Kore Fanmi an konprann Edi fè malnitrisyon grav epi pa gen okenn moun ki nan laj pou travay ki ka ba li sa li bezwen. Li ale kote grann Edi pou li voye li nan sant sante a pou yo ka pale avèk li sou èd manje men grann Edi pa fin twò kwè nan sa.

### PYÈS TEYAT 3: Rene

Semèn pase Ajan Kore Fanmi a vin sèten Rene ki gen 3 an se yon timoun ki malnouri anpil epi li voye fanmi Rene nan sant sante. Yo enskri Rene nan yon pwogram. Pwogram nan bay manman Rene Nourimanba chak semèn. Okenn nan 4 frè ak sè Rene ki pi gran yo ni ti frè li a pa nan pwogram nan. Ajan Kore Fanmi an montre manman Rene kouman pou li itilize Nourimanba a epi li esplike li se Rene sèlman ki dwe pran li.

**Pyès teyat 4: Klodèt**

Semèn pase, yon Ajan Kore Fanmi vizite Klodèt, yon tibebe 3 mwa ak manman Klodèt. Li wè manman Klodèt kòmanse sèvi ak bibwon tibebe a pou li bay Klodèt lèt atifisyèl. Manman Klodèt te konn ba li tete men li oblige al travay epi pandan li te vle kontinye bay tibebe a tete, li pa jwenn yon fason pou li fè sa paske li pase pifò nan jounen an deyò. Klodèt gen dyare depi manman li kòmanse ba li lèt atifisyèl.

**PYÈS TEYAT 5: Severin**

Pandan 4yèm vizit yon Ajan Kore Fanmi kay Severin li aprann sa fè 2 fwa Severin pa wè règ li. Kwak Severin sanble li ansent, li mèg epi 1 ap pleyen li fatige anpil anpil. Severin vle sevre tibebe li ki gen 4 mwa paske li panse sa pa bon pou li kontinye bay tete pandan li ansent.

**PYÈS TEYAT 5: Maksim**

Maksim gen 5 mwa epi li an sante. Chak mwa, depi Maksim fèt, manman li toujou mennen li nan seyans kontwòl devlopman yo fè chak mwa. Maksim te pran tete sèlman epi li déjà pran tout vaksen li. Mod kontan anpil epi li vle kòmanse bay Maksim manje solid tousuit.

**PYÈS TEYAT 6: Fanmi Selestén**

Yon Ajan Kore Fanmi fè premye vizit li kay fanmi Selestén. Gen 3 timoun piti nan kay la. Manman an di Ajan Kore Fanmi an laj timoun yo ka genyen apeprè menm laj, men enfòmasyon sa a etone Ajan Kore Fanmi an. Tout 3 timoun yo parèt kout epi yo parèt mens pou laj yo. Ajan kore fanmi an sispèk timoun sa yo soufri malnitrisyon. Li chita avèk manman an yo ak papa yo pou yo pale sou jan yo bay timoun yo manje epi pou yo reflechi sou solisyon.



## PYÈS TEYAT SOU MALNITRISYON

Swit

### PYÈS TEYAT 7: Emànyèl

Nan yon seyans pèz yo fè chak mwa, yon ajan kore fanmi rankontre Emànyèl ak manman li. Emànyèl gen 2 zan. Pandan ajan kore fanmi an ak make pwa timoun yo nan yon tablo pou devlopman, li wè Emànyèl pa pran okenn pwa pandan 2 mwa ki sot pase yo. Li chita ak manman Emànyèl pou li poze li kesyon sou jan Emànyèl manje epi pou li pale li de danje ki genyen nan malnitrison kwonik ak jan sa enpòtan pou timoun nan manje manje ki byen balance.

### PYÈS TEYAT 8: Glorya

Ajan Kore Fanmi an vizite Glorya, ki gen 4 mwa ansent. Se premye bebe Glorya epi li pa fin twò konnen sa pou li ta fè pou gwo sès la pase byen. Glorya ap plenyen li fatige toutan epi li parèt yon ti jan mèg.



## NÒT



## FÒM EVALYASYON

---

Ki aktivite fòmasyon ou te renmen pi plis? Pou kisa?

---

---

---

---

Ki aktivite fòmasyon ou te renmen mwens? Pou kisa?

---

---

---

---

Kisa ou te aprann ki te enpòtan pou sèvi ak yo nan travay ou?

---

---

---

---

## Nitrisyon

Èske te gen yon bagay ou pa t konprann? Bay egzanp espesyal.

---

---

---

---

Ki rekòmandasyon ou pou rann fòmasyon sa a vin pi bon? Kisa ou ta chanje?  
(Pa egzanp, ki aktivite, imaj ak foto, elatriye, ou ta renmen chanje?)

---

---

---

---

Ki lòt kòmantè ou genyen?

---

---

---

---

Mèsi poutèt ou fè evalyasyon sa a.



# Anèks



## TÈKS KAT KONSEY IYCN, KAT 1<sup>17</sup>

### **Manman, ki sa pou w manje ak bwè lè w ansent?**

- **Lè w ansent ou dwe manje pi plis chak jou** paske tibebe k ap grandi nan vant ou a bezwen anpil eleman pou l byen devlope.
- **Pandan tout tan w ansent lan, ou dwe pran yon ti goute anplis sa w konn manje chak jou yo.**
- **Ou dwe manje bonjan kalite manje selon sa w ka jwenn nan zòn kote w ap viv la:** lèt, vyann, pwason, ze, diri, mayi, pwa, legim tankou pwatann, fèy, anpil fwi. Yo menm, kelkilanswa jan yo ta ye a, frape oswa mou, pa konsidere yo kòm merilan, yo gen menm kantite vitamin nan.
- **Ou dwe bwè 8 vè dlo nan yon jounen, paske lè w pa bwè sa ka fè w santi w fatige, ba w maltèt.** Li pa bon pou bwè anpil kafe ak te. Li pa bon pou bwè yo tou pandan w ap manje paske yo anpeche kò a rale tout vitamin ki gen nan lòt manje yo.
- **Ou pa dwe bwè okenn bwason ki gen alkòl.** Ou pa dwe fimen ni viv bò kote moun k ap fimen. Yo pa bon ni pou sante w ni pou sante tibebe w la.
- **Ou dwe pran fè ak asid folik** pou w anpeche anemi lakay ou diran tout peryòd gwosès la rive 3 mwa apre w fin akouche. Tibebe w la tou bezwen asid folik la depi nan vant jouk li gen 6 mwa. Sèvi ak **sèl yode** pou ede sèvo ak kò tibebe w la byen devlope.

17 IYCN Counseling Cards, 1.



- **Fè tout posib ou pou al nan sant sante omwen 4 fwa pandan w ansent la.** Swen sa yo enpòtan anpil, y ap ede w swiv eta sante w epi ede w konnen kijan tibebe w la ap devlope nan vant ou.
- **Pwoteje sante w ak sante tibebe w.** Ou dwe pran tout medikaman doktè oswa miss la ba w lè w al nan vizit prenatal. Ou dwe dòmi anba moustikè pou anpeche marengwen mode w konsa w pa p fè lafyèv malaria. Al fè tès SIDA, pa janm manke yon sèl randevou doktè.
- **Timoun ki ansent twò bonè bezwen manje pi plis pase yon granmoun ki fè tibebe nan lè l. Ou bezwen pran plis repo tou paske kò w pokò fin grandi.** Fò w manje byen pou kò w ka kontinye devlope ansanm ak tibebe ki nan vant ou a.



## TÈKS KAT KONSEY IYCN, KAT 2

### Kon tibebe a fèk fèt mete l nan tete la menm

- **Kòman pou mete l nan tete la menm: depi tibebe w la fèk fèt, anvan menm yo koupe lonbrit la mete l kouche sou lestomak ou, nan mitan de tete w, po l sou po w pou l santi chalè kò w jan l te abitye depi nan vant.** Konsa l ap rete tou cho, l ap respire byen epi youn ap aprann konn lòt. Tibebe w la ap jwenn chemen tete a pou kont li epi l ap kòmanse souse la menm.
- **Si tibebe w la pa jwenn tete a pou kont li, pa kite 30 minit pase anvan w ede l. Mete l nan tete oumenm, anvan menm manman vant la sòti (anvan w delivre).** Li pi fasil pou tibebe w la aprann ki jan pou l tete pandan tete yo pokò rèd ak lèt epitou sa ede plasenta a soti pi vit, sa anpeche emoraji.
- **Kolostwòm nan, se premye lèt jòn ki sòti nan tete a lè yon fi fèk fin akouche. Li se premye vaksen, li enpòtan pou tibebe a.** Li ogmante rezistans tibebe a. Kon sa li pwoteje l kont anpil maladi epi, li fè l rann tout goudwon ki nan vant li a. Kon sa li pa bezwen pran lòk.
- **Bay tibebe w la tete souvan, kon sa w ap gen anpil lèt.** Plis tibebe w la tete plis w ap gen lèt.
- **Tibebe w la pa bezwen ni dlo, ni te, ni okenn lòt likid depi l fèk fèt jouk rive 6 mwa.** Bagay sa yo pa nesesè epi yo se danje pou sante li.



## TÈKS KAT KONSÈY IYCN, KAT 3

### **Manman, ki sa pou w manje ak bwè lè w ap bay tete**

- **Lè w ap bay tete, ou bezwen manje pi plis chak jou,** paske kò w ap ponpe enèji tibebe w la bezwen pou l devlope.
- **Menm si w pa manje anpil oubyen manje w manje a pa balanse,** kontinye bay tibebe w la tete paske sa w manje pa ka deranje kalite ak kantite lèt la.
- **Pandan tout peryòd w ap bay tete a, ou dwe pran 2 ti goute anplis manje ou te konn pran an chak jou a.**
- **Ou dwe manje bonjan kalite manje selon sa w ka jwenn nan zòn kote w rete a:** lèt, vyann, pwason, ze, diri, mayi, pwa, legim tankou pwatann, fèy, anpil fwi. Yo menm, kelkilanswa jan yo ta ye a, frape oswa mou, pa considere yo kòm merilan, yo gen menm kantite vitamin nan. Tout sa se manje ki bon pou fanm k ap bay tete.
- **Ou dwe bwè 8 vè dlo pou pi piti nan yon jounen, paske lè w pa bwè sa ka fè w santi w fatige, ba w maltèt.** Li pa bon pou bwè anpil kafe ak te. Li pa bon pou w bwè yo tou pandan w ap manje paske yo anpeche kò a rale tout vitamin ki gen nan lòt manje yo.
- **Fanm k ap bay tete pa dwe bwè okenn bwason ki gen alkòl.** Li pa dwe fimen ni viv bò kote moun k ap fimen. Yo pa bon ni pou sante l ni pou sante ti tibebe a.
- **Pwoteje sante w ak sante tibebe w.** Ou dwe pran tout medikaman doktè oswa miss la ba w lè w ale nan klinik pòsnatal (klinik pou fanm ki fin akouche). Ou dwe dòmi anba moustikè pou anpeche marengwen mode w. Kon sa w p ap fè lafyèv malarya. Al fè tès SIDA si w pa t kò fè l, pa janm manke yon sèl randevou doktè.
  - Pandan 3 mwa omwen apre w fin akouche, pran fè ak asid folik pou anpeche anemi.
  - Pran vitamin A kou tibebe w la fèk fèt epi pandan 4 premye semèn yo, konsa tibebe w la ap jwenn vitamin A a nan lèt ou.
  - Sèvi ak sèl yode pou kò ak sèvo tibebe w la ka kontinye byen devlope.



## TÈKS KAT KONSEY IYCN, KAT 3

Swit

- **Mande doktè a oswa miss la ki metòd planin ki bon pou swiv pandan w ap bay tete pou w pa ansent twò vit.**
- **Fanm k ap bay tete, ou se nouris, se yon dwa w genyen pou w toujou gen moun bò kote w.** Fanmi w ak zanmi w dwe ede w nan tout bagay: pran swen tibebe a ak lòt timoun yo, fè travay nan kay la tou.
- **Timoun ki fè tibebe twò bonè bezwen manje pi plis pase yon granmoun ki fè tibebe nan lè l. Ou bezwen pran plis repo tou paske kò w poko fin grandi.** Fò w manje byen pou kò w ka kontinye devlope ansanm ak tibebe w la pandan li nan tete.



## TÈKS KAT KONSEY IYCN, KAT 4

### Pandan 6 premye mwa yo, tibebe a bezwen tete sèlman lajounen kou lanwit

- **Lèt manman an bay tibebe a kantite dlo ak manje li bezwen pandan 6 premye mwa yo.** Sèvi ak lajan w pa depanse a pou achte lòt lèt pou nouri pwòp tèt pa w.
- **Menm si w pa manje anpil, kontinye bay tibebe w la tete paske sa w manje pa ka deranje kalite ak kantite lèt la.**
- **Anvan 6 mwa lestomak ak trip tibebe a wòwòt, se lèt manman sèlman li kapab dijere.**
- **Pa bay tibebe a lòt bagay.** Sèl lèt manman l sèlman, pa ba l ni dlo ni te, ni okenn lòt likid ka p ralanti sou kantite lèt nan tete manman an paske tibebe a pa tete jan li ta dwe.
- **Lè tibebe w la fin souse yon premye tete, li fin rann gaz, ou ka ba l tete nan lòt la si li bezwen toujou.** Kon sa w ap ankouraje lèt la kontinye koule nan toulede tete yo, epi tibebe w la ap jwenn denye lèt la ki gen grès la nan premye tete a. Lè tibebe w la byen tete, sa ede w pwodui plis lèt epi vant tibebe w la byen plen.
- **Menm si li fè cho epi tibebe w la swe, sèl lèt manman an kont pou li pandan 6 premye mwa yo paske lèt manman gen tout dlo tibebe a bezwen ladann. Pa ba l dlo.**
- **Tete manman an toujou kenbe lèt la byen fre. Lèt manman pa janm gate.** Menm si w ta rete lontan anba yon flam solèy, lèt nan tete w la p ap janm vin cho, li toujou kenbe tanperati nòmal li.



## TÈKS KAT KONSEY IYCN, KAT 4

Swit

- **Menm si w fè sezisman** (tranbleman tè, siklòn, lanmò) **toujou kontinye bay tete. Lèt ou toujou bon.** Pa gen afè lèt sezi ni lèt si. Si aprè yon sezisman kantite lèt nan tete w bese, ou dwe kontinye bay tibebe w la tete pi souvan epi lèt la ap retounen pou kont li. Fè aktivite ki ka ede w rilaks, sa va ede lèt la desann. Men lòt konsèy ankò ki ka ede lèt la desann aprè yon sezisman:
  - fè tibebe w la santi chalè kò w
  - chèche rete nan mitan moun ki dispoze koute w, ki ka ba w sipò epi ki ka ba w kèk konsèy pratik
  - chak fwa w mete tibebe w la nan tete rilaks kò w epi imajine lèt la k ap koule
  - bwè yon te cho pou kalme w.
- **Si w panse w pa gen ase lèt, oubyen si w ta gen lòt kalite pwoblèm sou zafè alètman an, mande konsèy nan sant sante ki pi pre w la.**
- **Si tibebe w la malad, ba l medikaman yo preskri pou li yo.**



## TÈKS KAT KONSEY IYCN, KAT 5

### Gen anpil avantaj lè w bay tete sèlman pandan 6 premye mwa yo

- **Bay tete sèlman pandan 6 premye mwa yo** se sèl sa tibebe w la bezwen pou l devlope pandan peryòd sa a.
- **Lèt manman se pi bon manje pou tibebe.** Li toujou disponib, li pwòp, li fasil pou dijere. Li ede sèvo ak kò tibebe a devlope.
- **Bay tete sèlman pandan 6 premye mwa yo pwoteje tibebe a** kont anpil vye maladi tankou dyare, alèji ak vèmin, enfeksyon nan bwonch ak poumon.
- **Anvan 6 mwa, pandan tibebe a ap tete a, pa janm ba l lòt manje tankou lèt espesyal pou tibebe, dlo, ji oswa te.** Se sa yo rele « alimentation mixte » nan lang franse. Sonje, anvan yon tibebe gen 6 mwa, lestomak li ak trip li wòwòt. Se lèt sèlman li kapab dijere. Lè tibebe a pran « alimentation mixte » la li gen plis chans pou l vin malad, fè malnitrison ak anpil lòt maladi tankou dyare ak enfeksyon nan bwonch ak nan poumon.

### Enfòmasyon pou w pa bliye:

Si manman an gen jèm SIDA, sèvi ak pòtre nimewo 24–28 ki gen enfòmasyon sou ki jan pou w bay yon tibebe manje.



## TÈKS KAT KONSEY IYCN, KAT 6

### **Bay tibebe w la tete souvan pou w ka gen anpil lèt**

- **Bay tibebe w la tete lajounen kou lanwit.** Yon titibebe dwe tete 8–12 fwa pa jou pou piti. Kon sa w ap toujou gen lèt epi tibebe w la ap devlope an sante. Plis tibebe w la tete plis w ap gen lèt.
- **Pa janm ba l lòt manje tankou lèt atifisyèl pou tibebe, dlo, ji oswa te.** Se sa yo rele “alimentation mixte” nan lang franse.
- **Si tibebe w la ap dòmi oswa si l malad,** fòk ou reveye l pou w ba l tete.
- **Pa tann tibebe w la kriye pou ba l tete.** Men siy ki ka montre w li grangou:
  - Lè li ap bat kò l
  - Lè bouch li louvri, l ap vire tèt li adwat agòch
  - Lè li mete lang li deyò epi l ap rantre l tanzantan
  - Lè li ap souse dwèt oswa ponyèt li yo.
- **Lè tibebe a fin souse yon premye tete,** li fin rann gaz, ou ka ba l tete nan lòt la si li bezwen toujou. Kon sa w ap ankouraje lèt la kontinye koule nan toulede tete yo, epi tibebe a ap jwenn denye lèt la nan premye tete a. Lè w chanje tete a twò vit, sa fè l pèdi dènye lèt ki gen grès la, ki nourisan pou li epi ki plen vant li.
- Si w ta remake lèt ou ralanti apre yon gwo emosyon (tranblemandtè, siklòn, lanmò), oubyen ou pa t menm kote ak tibebe w la pandan yon tan, mete l nan tete pi souvan epi lèt la ap retounen kòmsadwa.
- Pa sèvi ak bibwon, sousèt oswa gode ak **bèk**. Yo difisil anpil pou netwaye epi yo ka lakòz maladi dyare.

**Enfòmasyon pou w pa bliye:**

Si yon manman panse tete l yo pa gen ase lèt, pale avè l, ankouraje l kwè nan tèt li, ba li konsèy sou divès pozisyon pou l mete tibebe l la pou l pran tete a byen. Esplike l tibebe l la ap jwenn ase lèt lè:

- Li pa mèg (oubyen li vin pran pwa si li te mèg)
- Li byen vini pou laj li
- Li pipi klè 6 fwa oubyen plis pa jou (si tibebe a t ap bwè sewòm oral enfòmasyon sa a pa itil).
- Li gwosi—utilize kat chemen lasante (si tibebe a pa pran pwa ase, ankouraje manman an ale nan sante ki pi pre l la).



## TÈKS KAT KONSEY IYCN, KAT 7

### Kouman w ka rekònèt bouch tibebe a byen pran tete a?

- **Manman, byen pran tete a ede ni ou menm ni tibebe w la.**  
Byen pran tete a ede w santi tibebe w l a ap byen rale lèt la k ap koule byen. Byen pran tete a anpeche pwent tete a blese, sa anpeche tete a fè w mal.
- **Gen 4 bagay ki montre yon tibebe pran tete a byen:**
  1. Bouch tibebe a louvri byen gran
  2. Ou wè plis nan pati nwa tete a anlè bouch tibebe a
  3. Po bouch anba tibebe a tounen lanvè
  4. Manton tibebe a touche tete manman l.
- **Ki jan w rekònèt lè tibebe w la byen tache nan tete w epi li rale lèt la byen fasil:**
  - Li souse lèt la dousman men lontan, epi li fè yon ti poze tanzantan
  - Ou tandé l epi w wè l k ap vale
  - Li souse alèz epi w pa santi doulè nan pwent tete w yo
  - Li lage tete a pou kont li lè li fin bwè tout lèt la, epi li kontan
  - Tete a vin plat.
- **Lè tibebe w la fin souse yon premye tete, li fin rann gaz, ou ka ba l tete nan lòt la si li bezwen toujou.** Konsa w ap ankouraje lèt la kontinye koule nan toulede tete yo, epi tibebe w la ap jwenn denye lèt la nan premye tete a. Lè tibebe w la byen tete sa ede w gen plis lèt, epi vant tibebe w la byen plen.
- Fòk chak tete jwenn chans li pou l fè anpil lèt. Si w te kòmanse ak tete dwat, prochen fwa kòmanse ak tete gòch la.



**Enfòmasyon pou w pa bliye:**

- Si pwent tete yon manman ki gen jèm SIDA blese, li pa dwe kontinye bay tibebe l la tete ladan l. Li ka bay tete nan yon sèl tete jiskaske lòt la geri, l ap tire lèt epi jete lèt ki nan tete malad la. (**Ajan sante**, ankouraje manman sa a pou l ale nan sant sante touswit).
- Si toulede tete yo gen pwoblèm, pandan yon ti tan, manman an ka pire lèt la epi trete l ak chalè jiskaske toulede tete yo geri nèt (al gade pòtre nimewo 25).



## TÈKS KAT KONSEY IYCN, KAT 8

### Divès pozisyon pou bay tete

- **Manman, yon bon pozisyon ap ede ni ou menm ni tibebe w la.** Yon bon pozisyon ap ede w santi tibebe w la ap byen rale epi lèt la ap koule byen. Yon bon pozisyon anpeche doulè nan pwent tete yo epi anpèche yo blese.
- **Li enpòtan pou w santi w alèz** pandan tibebe w la ap tete. Kenbe tibebe w la toupre kò w (pa panche ale jwenn li).
- **Fòk 4 dwèt ou anba pou soutni tete a epi dwèt gwo pou la** anwo nan pati nwa tete a. **Dwèt yo pa dwe kenbe tete tankou sizo.** Fason sa a ka peze kannal ki bay lèt yo epi anpeche lèt la koule.
- **Ki jan w rekonèt tibebe w la nan bon pozisyon pou l tete.**
- **Kò l dwe rete dwat** ki vle di pa koube do l. Tèt li dwe chita nan koud bra w menm si li ka fè yon ti panche pa dèyè, pla men w dwe soutni deyè l, lòt men an ap karese l. Se pa sèlman dèyè tèt tibebe w la ak zepòl li pou w kenbe, **fòk bra w kapab sipòte tout kò l**
  - **Vant li dwe kole sou vant pa w**
  - **Li dwe fas a fas avè w,** yon fason pou youn ka gade lòt nan je.
- **Gen divès pozisyon pou w bay tibebe w la tete:**
  - Pozisyon « madòn modifye » (sitou pou tibebe piti)
  - Pozisyon « madòn modifye » (sitou pou tibebe piti)
  - Pozisyon kouche sou kote (lè w ap pran yon ti repo oubyen lanwit)
  - Pozisyon « ti valiz » (sitou pou pou tibebe piti, lè w te fè sezaryèn ak lè w ap bay marasa tete)

### Enfòmasyon pou w pa bliye:

Lè tibebe a gen 2 mwa, depi li byen pran tete a, l alèz, epi l ap byen grandi, ou pa bezwen montre manman lòt pozisyon.



## TÈKS KAT KONSEY IYCN, KAT 15<sup>18</sup>

### Lè li gen 6 mwa, kòmanse bay tibebe a lòt manje anplis tete

- **Kou tibebe w la gen 6 mwa li bezwen lòt manje pou kore lèt manman an,** paske nan laj sa a lestimak li ak trip li vin devlope, li pare pou l resevwa lòt manje.
- **Pa neglige bay tibebe w la tete nenpòt kilè li mande sa, lajounen kou lanwit.** Sa ap pèmèt li devlope ansante, paske lèt manman se bagay ki pi enpòtan nan fason pou bay tibebe manje.
- **Toujou bay tibebe w la tete anvan w bal nenpòt ki lòt bagay.**
- **Pa enkyete w si tibebe w la pa vle manje anpil** paske a 6 mwa li pa bezwen manje anpil (se jis pou w fè l fè konesans ak lòt manje).
- **Lè w deside mete tibebe w la sou lòt manje, fòk ou sonje bagay sa yo:** frekans, kantite, epesè, varyete, ankourajman ak lijyèn:
  - **Frekans:** An plis tete yo, bay tibebe w la manje 2 fwa pa jou.
  - **Kantite:** Chak fwa w gen pou w bay tibebe w la manje, bali 2 oswa 3 kiyè soup manje pou l ka kòmanse abitye avèk yo.
  - **Epesè:** Manje a dwe fèt epè pou l pa koule nan kiyè a. Pa mete anpil dlo ladann.
  - **Varyete:** Kòmanse bay tibebe w la labouyi byen epè (mayi, diri, piti mi, pomdetè, manyok, bannann).
  - **Ankourajman:** Nan premye jou yo tibebe w la ka pa vle pran lòt manje nan plas tete yo. Pran pasyans ak li epi ankouraje l manje. Toujou kenbe l sou kwis ou lè oumenm w ap manje.
  - **Lijyèn:** Li bon pou w pratike lijyèn, konsa tibebe w la pap tone malad, ni gen dyare.
- Pou lave men w kòmsadwa w ap savonnen yo epi w ap vide dlo pou rense yo. W ap souke yo epi w ap kite yo cheche nan lè.
- Lave men w anvan w prepare manje pou tibebe w la.

18 IYCN Counseling Cards, 15-18; FANTA 2 / USAID Counseling Cards, 80-81.



## TÈKS KAT KONSEY IYCN, KAT 15

Swit

- Lave men w ak men tibebe w la anvan w bali manje epi sèvi l nan vesò byen pwòp.
- Mete manje tibebe w la ak tout sa wap sèvi pou li nan yon ti kote byen pwòp.
- Si manje kwit la rete deyò plis pase 2 zèdtan, pa bay tibebe w la manje l.
- Lave men w lè w sòti nan latrin oubyen aprè tibebe w la fin pou pou oubyen fin fè pipi.

### **Enfòmasyon pou tibebe ki pa nan tete:**

- Ba yo 1 osinon 2 gode lèt anplis chak jou. Ou dwe sèvi ak lèt espesyal pou tibebe, swa lèt an poud swa lèt likid
- Ba yo 1 osinon 2 manje anplis chak jou
- Ba yo plis dlo chak jou (2 a 3 gode lè l pa fè cho oswa 4 a 6 gode lè l fè cho)
- Ba yo manje ki rich ak asid gra tankou pwason, pistach, wowoli ak zaboka
- Ba yo manje ki gen anpil vitamin A, fè, yòd ak lòt vitamin (imaj nimewo 19)



## TÈKS KAT KONSEY IYCN, KAT 16

### Ki jan pou bay tibebe 7–8 mwa manje?

- **Pa neglige bay tibebe w la tete tout lè li mande sa,** lajounen kou lanwit. Sa ap pèmèt li devlope an sante, paske lèt manman se bagay ki pi enpòtan nan fason pou bay tibebe manje.
- **Toujou bay tibebe w la tete anvan w ba li nenpòt ki lòt bagay.**
- **Fòk ou sonje bagay sa yo** lè w ap prepare manje pou tibebe w la: konbyen fwa , kantite, epesè, varyete, ankourajman ak lijyèn:
  - **Konbyen fwa:** Bay tibebe w manje 5 fwa pa jou: 3 manje kwit ak 2 ti goute. Menm si l manje leswa sa p ap deranje l paske kò l bezwen plis fòs ak enèji pou l devlope pandan lanwit. **Yon ti goute se yon manje enpòtan** tibebe w la dwe pran nan mitan manje kwit yo. Yon ti goute ka yon moso mango, papay, fig, zaboka, tout lòt kalite fwi ak legim, yon pomdetè bouyi, patat, yon moso pen.
  - **Kantite:** Piti piti ogmante kantite manje a jis li rive 1/2 gode nòmal la. Bay tibebe w la manje nan asyèt pa li, konsa ou ka kontwole kantite manje li manje.
  - **Epesè:** Manje a dwe fêt près pou l pa koule nan kiyè a. Pa mete anpil dlo ladann. Ou ka prepare yon manje kraze tou. A 8 mwa tibebe w la dwe kòmanse kenbe manje nan men l pou mete nan bouch li.
  - **Varyete:** Bay divès kalite manje chak fwa w ap bay tibebe w la manje (3 kalite manje, gade detay yo sou imaj nimewo 19 la) 1. Manje ki bay fòs tankou sereyal ak rasin + 2. Manje ki pwoteje kò tankou fwi ak legim ki gen tout kalite vitamin ak minewo ladan yo: fèy vèt, fwi ak legim jòn ki gen vitamin A enpòtan anpil + 3. Manje ki konstwi kò tankou manje yo jwenn nan bète: vyann, poul ak zwazo, ze, lèt ak tout sa yo fè ak lèt; pwa, pistach, manba, wowoli. **Toujou sonje, manje ki sòti nan bète yo enpòtan anpil, tibebe w la kapab manje yo san danje.**



## TÈKS KAT KONSEY IYCN, KAT 16

Swit

- Ant 6 a 8 mwa, poko mete ni sèl ni sik nan manje tibebe w la.
- Chak semèn ajoute yon kalite manje nan manje tibebe w la.
- Pa bay tibebe w la bwè likid sikre, kafe ak te.
- Pa pran abitid bay tibebe w la bonbon dous ak sirèt.
  - **Ankourajman:** Fòk ou gen anpil pasyans ak tibebe w la epi ankouraje l manje, sa p ap deranje l.
  - **Lijyèn:** Li bon pou w pratike lijyèn, konsa li p ap tonbe malad, ni gen dyare.
- Pou lave men w byen w ap savonnen yo epi w ap vide dlo pou rense yo. W ap souke yo epi kite yo cheche nan lè.
- Lave men w anvan w prepare manje pou tibebe w la.
- Lave men w ak men tibebe w la anvan w ba li manje epi sèvi l nan vesò byen pwòp.
- Mete manje tibebe w la ak tout sa w ap sèvi pou li nan yon ti kote byen pwòp.
- Si manje kwit la rete deyò plis pase 2 èdtan, pa bay tibebe w la manje l.
- Lave men w lè w sòti nan latrin oubyen aprè tibebe w la fin pou pou oubyen pipi.

### Enfòmasyon sou gwosè gode yo:

Tout gode nou wè nan 3 imaj sou lòt manje pou tibebe yo anplis lèt manman, mezire 250 cc (8 ons). Si yon kliyan ap sèvi ak lòt kalite gode pou tibebe l, fòk nou mezire epi make kantite manje ki koresponn ak laj tibebe a.

### Enfòmasyon pou tibebe ki pa nan tête:

- Ba yo 1 osinon 2 gode lèt anplis chak jou. Ou dwe sèvi ak lèt espesyal pou tibebe, swa lèt an poud oubyen lèt likid bebe
- Ba yo 1 osinon 2 manje anplis chak jou



## TÈKS KAT KONSÈY IYCN, KAT 16

Swit

- Ba yo plis dlo chak jou (2 a 3 gode lè li pa fè cho oswa 4 a 6 gode lè li fè cho)
- Ba yo manje ki rich ak asid gra tankou pwason, pistach, wowoli ak zaboka
- Ba yo manje ki gen anpil vitamin A, fè, yòd ak lòt vitamin (kat 19).



## TÈKS KAT KONSEY IYCN, KAT 17

### Ki jan pou bay tibebe 9–11 mwa manje?

- **Pa neglige bay tibebe w la tete tout lè li mande sa,** lajounen kou lanwit. Sa ap pèmèt li devlope an sante, paske lèt manman se bagay ki pi enpòtan nan fason pou bay tibebe manje.
- **Toujou bay tibebe w la tete anvan w ba li nenpòt ki lòt bagay.**
- **Ou dwe sonje bagay sa yo** lè w ap prepare manje pou tibebe w la: konbyen fwa , kantite, epesè, varyete, ankourajman ak lijjèn:
  - **Konbyen fwa:** Bay tibebe w la manje 5 fwa pa jou: 3 manje kwit ak 2 ti goute. Menm si 1 manje leswa sa p ap deranje l paske kò l bezwen plis fòs ak enèji pou l devlope pandan lanwit. Yon ti goute se yon manje enpòtan tibebe w la dwe pran nan mitan manje kwit yo. Yon ti goute ka yon moso mango, papay, fig, zaboka, tout lòt kalite fwi ak legim, yon pomdetè bouyi, patat, yon moso pen.
  - **Kantite:** Piti piti ogmante kantite manje a jis li rive 2/3 yon gode nòmal. Bay tibebe w la manje nan pwòp asyèt pa li, konsa ou va sèten li manje tout kantite w mete pou li a.
  - **Epesè:** Pran enpe nan manje ki kwit pou fanmi an, kraze l oubyen rache l piti piti. Fòk manje tibebe a gen epesè, li pa fèt pou l dlo, menm si se labouyi.
  - **Varyete:** Bay divès kalite manje chak fwa w ap bay tibebe w la manje 3 kalite manje, gade detay sou imaj nimewo 19 la) 1. Manje ki bay fòs tankou sereyal ak rasin + 2. Manje ki pwoteje kò tankou fwi ak legim ki gen tout kalite vitamin ladan yo: fèy vèt, fwi ak legim jòn ki gen vitamin A enpòtan anpil) + 3. Manje ki konstwi kò tankou manje yo jwenn nan bêt tankou: vyann, poul ak zwazo, ze, lèt ak tout sa yo fè ak lèt ; pwa, pistach, manba, wowoli. Toujou sonje, manje ki sòti nan bêt yo enpòtan anpil, tibebe kapab manje yo san danje:
  - Sèvi ak sèl yode.



- Pa bay tibebe w la bwè bwason sikre, kafe ak te.
- Pa pran abitid bay tibebe w la bonbon sikre ak sirèt.
  - **Ankourajman:** Fòk ou gen anpil pasyans ak tibebe w la epi ankouraje l. Ankouraje yon tibebe manje se pa menm ak fose l manje, sa p ap ba li gonfleman.
  - **Lijyèn:** Li bon pou w pratike lijyèn, konsa tibebe w la p ap tonbe malad, ni gen dyare.
- Pou lave men w byen w ap savonnen yo epi w ap vide dlo pou rense yo. W ap souke yo epi w ap kite yo cheche nan lè.
- Lave men w anvan w prepare manje pou tibebe w la.
- Lave men w ak men tibebe w la anvan w ba li manje epi sèvi l nan vesò byen pwòp.
- Mete manje tibebe w la ak tout sa w ap sèvi pou li nan yon ti kote byen pwòp.
- Si manje kwit la rete deyò plis pase 2 zèdtan, pa bay tibebe w la manje l.
- Lave men w lè w sòti nan latrin oubyen aprè tibebe w la fin poupou oubyen lè li fin fè pipi.

### **Enfòmasyon sou gwosè gode yo:**

Tout gode nou wè nan 3 imaj sou lòt manje pou tibebe yo anplis lèt manman, mezire 250 cc (8 ons). Si yon kliyan ap sèvi ak lòt kalite gode pou tibebe l, fòk nou mezire epi make kantite manje ki koresponn ak laj tibebe a.

### **Enfòmasyon pou tibebe ki pa nan tete:**

- Ba yo 1 osinon 2 gode lèt anplis chak jou. Ou dwe sèvi ak lèt espesyal pou tibebe, swa lèt an poud oubyen lèt likid
- Ba yo 1 osinon 2 manje anplis chak jou
- Ba yo plis dlo chak jou (2 a 3 gode lè l pa fè cho oswa 4 a 6 gode lè li fè cho)



## TÈKS KAT KONSEY IYCN, KAT 17

*Swit*

- Ba yo manje ki rich ak asid gra tankou pwason, pistach, wowoli ak zaboka
- Ba yo manje ki gen anpil vitamin A, fè, yòd ak lòt vitamin.



## TÈKS KAT KONSEY IYCN, KAT 18

### Ki jan pou bay tibebe 12–24 mwa manje?

- **Pa neglige bay tibebe a tete tout lè li mande sa,** lajounen kou lanwit. Sa ap pèmèt li devlope an sante, paske lèt manman toujou enpòtan nan fason pou w bay yon tibebe manje.
- **Pandan dezyèm lane tibebe w la, lèt manman reprezante preske 1/3 (entyè) manje li bezwen.**
- **Ou dwe sonje bagay sa yo** lè w ap prepare manje pou tibebe w la: konbyen fwa , kantite, epesè, varyete, ankourajman ak lijyèn:
  - **Konbyen fwa:** Bay tibebe w la manje 5 fwa pa jou: 3 manje ak 2 ti goute. Menm si l manje leswa sa p ap deranje l paske kò l bezwen plis fòs ak enèji pou l devlope pandan lanwit. Yon ti goute se yon manje enpòtan tibebe a dwe pran nan mitan manje kwit yo. Yon ti goute ka yon moso mango, papay, fig, zaboka, tout lòt kalite fwi ak legim, yon pomdetè bouyi, patat, yon moso pen.
  - **Kantite:** Piti piti ogmante kantite manje a jis li rive yon (1) gode. Bay tibebe a manje nan pwòp asyèt pa l, konsa ou sèten li manje tout kantite ou mete pou li a.
  - **Epesè:** Pran enpe nan manje ki kwit pou fanmi an, kraze l oubyen rache l piti piti. Fòk manje tibebe a gen epesè, li pa fèt pou l dlo, menm si se labouyi.
  - **Varyete:** Bay divès kalite manje chak fwa w ap bay tibebe a manje (3 kalite manje, gade detay sou imaj nimewo 19 la) 1. Manje ki bay fòs tankou sereyal ak rasin + 2. Manje ki pwoteje kò tankou fwi ak legim ki gen tout kalite vitamin ak minewo ladan yo: fèy vèt, fwi ak legim jòn ki gen vitamin A enpòtan anpil + 3. Manje ki konstwi kò tankou manje yo jwenn nan bêt tankou : vyann, poul ak zwazo, ze, lèt ak tout sa yo fè ak lèt ; pwa, pistach, manba, wowoli. **Manje ki sòti nan bét yo enpòtan anpil, tibebe kapab manje yo san danje.**



## TÈKS KAT KONSEY IYCN, KAT 18

Swit

- Sèvi ak sèl yode.
- Pa bay tibebe w la bwè likid sikre, kafe ak te.
- Pa pran abitid bay tibebe w la bonbon dous ak sirèt.
  - **Ankourajman:** Fòk ou gen anpil pasyans ak tibebe w la epi ankouraje l. Ankouraje yon tibebe manje se pa menm ak fose l manje, sa p ap ba li gonfleman.
  - **Lijyèn:** Li bon pou w pratike lijyèn, konsa tibebe w la p ap tonbe malad, ni gen dyare.
- Pou lave men w byen w ap savonnen yo epi w ap vide dlo pou rense yo. W ap souke yo epi kite yo cheche nan lè.
- Lave men w anvan w prepare manje pou tibebe w la.
- Lave men w ak men tibebe w la anvan w ba li manje epi sèvi l nan vesò byen pwòp.
- Mete manje tibebe w la ak tout sa wap sèvi pou li nan yon ti kote byen pwòp.
- Si manje kwit la rete deyò plis pase 2 zèdtan, pa bay tibebe w la manje l.
- Lave men w lè w sòti nan latrin oubyen aprè tibebe w la fin pou pou oswa lè l fin fè pipi.

### Enfòmasyon sou gwosè gode yo:

Tout gode nou wè nan 3 imaj lòt manje pou tibebe yo anplis lèt manman mezire 250 cc (8 ons). Si yon kliyan ap sèvi ak lòt kalite gode pou tibebe l, fòk nou mezire epi make kantite manje ki koresponn ak laj tibebe a.

### Enfòmasyon pou tibebe ki pa nan tete:

- Ba yo 1 osinon 2 gode lèt anplis chak jou. Ou dwe sèvi ak lèt espesyal pou tibebe swa lèt an poud swa lèt likid
- Ba yo 1 osinon 2 manje anplis chak jou



## TÈKS KAT KONSÈY IYCN, KAT 18


Swit

- Ba yo plis dlo chak jou (2 a 3 gode lè 1 pa fè cho oswa 4 a 6 gode lè li fè cho)
- Ba yo manje ki rich ak asid gra tankou pwason, pistach, wowoli ak zaboka
- Ba yo manje ki gen anpil vitamin A, fè, yòd ak lòt vitamin (imaj nimewo 19).



## TÈKS KAT KONSEY IYCN, KAT 19<sup>19</sup>

### Manje ki bay enèji



Manje ki bay fòs bay kò a enèji pou l travay, pou l mache, pou l kouri, pou l ri, pou l manje epi pou l respire.

Pòmdetè

Kasav

Yanm

Patat

Bannann

Lam veritab

Manyòk

Espageti

Sitwouy

Diri

Labouyi

Pen

Lwil

Mayi


Pitimi

Ble, sògo oubyen  
lòt grenn

Chokola

Kokoye

19 IYCN Counseling Cards, 19.

**Manje ki konstwi kò**

Manje ki konstwi kò a ede l devlope kò a epi repare l. Yo ede mis yo fôme epi yo devlope epi yo reprann si yo te kase. Yo ede cheve yo ak zong pouse.

Vyann kabrit

Bèf

Poul

Ze

Lèt

Fwomaj

Yougou

Pwa

Ti pwa

Pistach, nwa

Pwason (fre, chèch,  
grye, konsèv)

Bèt lanmè



## TÈKS KAT KONSEY IYCN, KAT 19

Swit

### Manje ki pwoteje kò



Manje sa yo ede kò a defann tèt lis kont enfeksyon ak maladi. Manje sa yo gen vitamin ki fè sistèm defans kò vin fò pou kò a kab goumen ak enfeksyon epi ak maladi.

Chou	Zepina	Berejenn
Zaboka	Kalalou	Jòmou
Kawòt	Pwav	Tomat
Kachiman	Zonyon	Fig
Abriko	Sitwon	Chadèk
Zoranj	Papay	Anana
Mango	Grenadin	Tamaren
Seriz	Kowosòl	Ji fwi

## TÈKS KAT KONSEY FANTA, KAT 8/9<sup>20</sup>



**Manje plizyè kalite manje diferan chak fwa n ap manje.**

**K: Ki kalite manje nou wè ki melanje nan desen ( foto ) n ap gade yo?**

Repons: Nan chak desen (foto) gen yon kalite manje omwen ki nan 3 gwoup manje yo (manje ki bay fòs, manje ki fè divès pati kò moun devlope, manje ki pwoteje kò a.)

**K: Konbyen fwa ou fè yon bon jan manje chak jou?**

**K: Ki kalite manje ou manje an premye lematen, an dezyèm vè midi, an twazyèm leswa (nan fen jounen an?)**

**K: Nan manje sa yo ki melanje, ki melanj ou pi pito?**

**K: Nan manje sa yo ki melanje, ki melanj ou kapab jwenn oubyen ou kapab achte?**

20 FANTA 2/USAID, *Les Bonnes Habitudes en Nutrition et Hygiène* (Washington, DC: Food and Nutrition Technical Assistance 2), 8-11 and 85 (hereafter cited as *FANTA2 / USAID Counseling Cards*).



## TÈKS KAT KONSEY FANTA, KAT 8/9

Swit

**K: Ant jodia a ak pwochenn seyans lan n ap fè a, ki sa w ap kapab fè pou ou manje pi plis kalite manje diferan pase kounye a?**

Ede moun nou okipe chwazi youn oubyen de ti desizyon pou kichòy li kapab fè:

- Bwè sa ki bon pou sante moun chak kou ou manje epi tanzantan pandan jounen an.
- Chak fwa n ap manje toutbon, pran yon valè manje ki bay fòs, ak yon valè manje ki fè kò moun devlope epi yon valè manje ki pwoteje kò a.
- M ap manje 2 fwa pa jou angiz mwen manje yon sèl gress fwa.
- M ap manje 3 fwa pa jou angiz mwen manje 2 fwa sèlman.
- M ap manje 3 fwa pa jou epi m ap fè yon ti bat bouch ant gwo manje sa yo.

## TÈKS KAT KONSEY FANTA, KAT 10/11



**Manje divès kalite manje ki bon pou lasante pou w kenbe menm pwa ou peze a.**

**K: Ki sa ou wè nan desen (foto) sa a?**

**K: Pou ki sa moun ki gen viris Sida a oubyen maladi Sida a epi moun ki gen maladi touse sèlman oubyen ni maladi touse ni viris Sida oubyen Sida**

**Bezwen plis nouriti pase lòt moun?**

R: Viris Sida oubyen maladi Sida oubyen maladi touse ogmante valè fòs enèji, vitamin ak sèl mineral kò a bezwen. Moun ki gen viris Sida oubyen Sida ak moun ki gen maladi touse pi an danje pou malnitrisyon ki soti ni nan kò yo k ap mande plis enèji, ni nan pèdi yo pèdi apeti yo, ni nan maladi yo genyen yo.

**K: Ki rapò ki genyen ant valè manje ki bon pou sante moun e ki byen balanse ak pwa yon moun genyen?**



## TÈKS KAT KONSEY FANTA, KAT 10/11

Swit

R: Tèl valè manje ki bon pou sante moun e ki byen balanse, kenbe pwa kò a anfòm epi sa ogmante fòs li.

Ede moun n ap okipe a chwazi youn oubyen ti desizyon pou kichòy li kapab fè.

- M ap manje 2 fwa pa jou angiz mwen manje yon sèl gress fwa.
- M ap manje 3 fwa pa jou angiz mwen manje 2 fwa sèlman.
- M ap manje 3 fwa pa joue pi m ap fè yon ti bat bouch ant gwo manje sa yo.
- M ap ogmante kantite manje m ap pran.
- M ap fè yo pran pwa m chak semènn pou m kontwole pwa m.



## TÈKS KAT KONSEY FANTA, KAT 78

**Manman, se tete pou w bay tibebe a tete sèlman, depi li fèt jis lè li vin gen 6 mwa.**

**K: Pou ki sa se tete sèlman pou tibebe a tete jis lè li gen 6 mwa?**

R: Lèt manaman se pi bon manje pou tibebe. Lèt manman an fè tibebe a grandi. Li fè l devlope. Li pwoteje l pou l pa pran maladi. **Pandan se tete sèlman yo ba li jis lè li gen 6 mwa**, danje pou li atrap virus sida nan men manman an bese anpil.

**K: Pou ki sa ou pa dwe bay pitit ou likid (tankou dlo, rafrechi, ji fwi, lèt oswa tizann) anwetan lèt manman an?**

R: Danje ki soti nan malnitrisyon, nan atrap virus sida manman tibebe a pran, epi, nan lòt enfeksyon (dyare, enfeksyon poumon) ak lanmò tibebe rive pi plis pou timoun piti ki pa te nan tete **sèlman**. Bay tete **sèlman** se sa yo rekòmande manman ki gen virus sida jistan tibebe a vin gen 6 mwa. Sòf si ou byen kalkile sitiyasyon pa w ak konkou yon konseye "Sèvis pou evite manman bay pitit maladi a" epi yo chwazi yon mòd manje ki ranplase tete yo kapab asepte, yo kapab suiv, yo kapab jwenn lajan pou tan l ap dire a e garanti ni pou manman an ni pou pitit li a. Si se pa sa, ou ta dwe bay tibebe a tete sèlman jis lè li gen 6 mwa. (Mòd manje ki ranplase tete a bay tibebe a yon lèt ki kòm lèt manman).

**K: Ant Jodi a ak pwochenn seyans n ap fè a, ki sa ou kapab fè pou w bay tibebe w la tete sèlman, pandan li gen mwens pase 6 mwa?**

Ede moun nou okipe a chwazi youn oubyen de ti desizyon pou kichòy li kapab fè:

- Pa bay tibebe a okenn lòt likid menm, ni okenn lòt manje. Esepte ki sa sèlman. esepte remèd ak vitamin doktè preskri.
- **Sèl grenn** manje pou w bay tibebe a, se lèt manman an pandan 6 premye mwa lavi l.
- Bay tibebe a tete chak kou li mande sa epi valè tan li mande sa.



## TÈKS KAT KONSEY FANTA, KAT 78

Swit

- Fè lèt ou soti epi mete l nan yon tas pou tibebe a bwè l (si ou sètoblije soti san tibebe a.)
- Chèche konkou fanmi oubyen zanmi pou w sèten ou gen kont tan pou se tete **sèlman** tibebe a tete.

## TÈKS KAT KONSÈY FANTA, KAT 79



### Kolostwòm<sup>21</sup>

- Kolostwòm se premye lèt ki yon ti jan jòn epi ki pwès. Li chaje ak antikò e li ede tibebe a jwenn premye lèt sa a kòm manje.
- Kolostwòm ede netwaye trip tibebe a.
- Souse tibebe a souse fè anndan vant manman an fè mouvman pou l mete mè vant lan deyò.
- Souse tibebe a souse fè mouvman ki fè san koule a bese.
- Bay tete touswit ankouraje tete manman yo bay lèt.
- Chak fwa manman an bay tibebe tete a, l ap bay plis lèt. E sa enpòtan anpil pou li kòmanse pran abitid sa depi nan konmansman.

21 FANTA2 / USAID Counseling Cards.



## TÈKS KAT KONSEY FANTA, KAT 80



**Maman, depi tibebe w la gen 6 mwa, ba li lòt manje lòt manje anplis anplis pou konplete tete a.**

**Q: Pou ki sa li enpòtan pou nou kòmanse ak lòt manje anplis apre 6 mwa nou t ap bay tete sèlman?**

R: A pati 6 mwa, lèt manman an pa ase pou ede timoun nan devlope. Se sa k fè li enpòtan pou nou ba li manje nan 3 gwoup manje yo anplis lèt manman an.

**Q: Èske yon moun oblige kontinye bay timoun nan tete apre 6 mwa?**

R: Si manje pou ranplase lèt manman an se pa yon manje ou **asepte, ki posib, ou gen mwayen pou sa, ki ka dire epi ki pa gen danje** lè timoun nan rive sou 6 mwa, yo rekòmande pou nou kontinye ba li tete lè li mande avèk « lòt manje anplis » a sa vle di manje ou ba li anplis lèt la. Yo rekòmande tou pou nou kontinye tcheke sitiyasyon manje ni manman an ni timoun nan tanzantan. Nou dwe sispann bay tete nèt depi li posib pou timoun nan manje manje ki ba li nitriman li bezwen epi ki pa gen



danje pou li san li pa bezwen lèt manman. Fòk nou ba li yon varyete manje pou nou ka sèten li jwenn tout nitriman li bezwen. Fòk nou ogmante valè fwa timoun nan pran lòt manje anplis yo firanmezi timoun nan ap grandi.


**Q:** Ki sa w ka fè ant kounye a ak pwochenn seyans lan pou ou bay tibebe ou la lòt manje anplis?

Ede kliyan chwazi youn oubyen de ti aksyon li ka fè:

- Kontinye bay tibebe a tete lè li mande sa.
- Ba li dlo pwòp pou li bwè.
- Ba li lòt manje anplis 2 ak 3 fwa pa jou lè li ant 6 ak 8 mwa 3 ak 4 fwa pa jou lè li ant 9 ak 11 mwa epi 4 fwa pa jou lè li ant 12 ak 24 mwa.
- Ba li vyann, volay, pwason, ze ak pwa chak jou.
- Ba li fwi ki gen anpil vitamin A ak legim chak jou (patat, kawòt, mango, joumou, epina, gwayav, mango).
- Itilize luil vejetal ak gress ki gen luil chak jou (luil, bè, manba).
- Atansyon pou nou pa bay timoun nan likid ki pa gen bon nitriman tankou te, kafe ak likid sikre tankou soda.



## TÈKS KAT KONSEY FANTA, KAT 84/85



**Manman, si w ansent oubyen si ou ti nouris, manje manje ki chaje ak enèji, ak pwoteyin ak mikwonitriman.**

**K: Ki sa ou wè sou desen (foto) sa yo?**

**K: Pouki sa medam ki ansent ak medam ki te nouris bezwen manje plis manje?**

R: Medam ki ansent ak medam ki ti nouris bezwen manje plis poutèt manje yo bezwen, ak enèji ak nitriman ki ladan, se ni pou yo menm ni pou tibebe ki nan vant yo.

**K: Ki kalite manje espesyal ou dwe manje pandan w ansent oubyen ou ti nouris?**

R: Ogmante kantite manje ou manje epi kantite fwa ou manje manje ki chaje ak enèji, ak pwoteyin epi ak mikwonitriman epi se pou medam ki ansent manje yon manje anplis. Medam ki ti nouris menm se 2 manje anplis pou li manje.